

# MWEYA MUTSVENE

## WAKAPIIRWEI?



Munoona, Hama Neville vanotenda mukuturika maoko.

Ndinoona kuti ndine mibvunzo yakati shomekei. Zvino, ndichaipindura iyi mangwana manheru, nokuti handina nguva yekukutarisirai manheru ano, zvichida paMharidzo yanezuro manheru. Zvino, kana paine ane mubvunzo pamusoro peMharidzo ipi zvayo, ingoiunzai humwe husiku, uye ndinogona kuzoitora manheru anotevera acho.

<sup>2</sup> Zvino, mangwana manheru ndinoda kutsvaga, kana kuva, waro, nevamwe vashumiri, kana zvichibvira; kana zvisizvo, vamwe varume kana madzimai vakanaka, vakasimba pakutenda vatingagona kudana panguva yatinovada, kuti pazvinenge. . .

Mangwana manheru tinotanga, mushure meMharidzo, kuturika maoko, uye, kuitira Mweya Mutsvene. Uye zvakare, pachava ne. . . Mune mukana wenyu wekugara ipo pano kana muchida henyu, nemuhoridhe yose, kana zvikatora nguva yakareba kudaro kuti ufe. Uye zvino—zvino, kana zvisina kudaro, kana muchishuvira kuenda kumba kwenyu, handiti, tingafara, kana muri maenda panzvimbo apo imi. . . Musingatongozive kwekuenda. . .

Tinoda kuwana vamwe vashumiri, nhamba dzavo, kana vari vaenzi; nhamba dzavo, uko kwavari kugara, uko kwatinogona kuvabata pakarepo; uye toisa mumwe mune imwe imba, mumwe mune imwe, uye mumwe mune imwe, kuti vagokupai rairo, imi muri kuzotsvaga ropafadzo guru iri ratiri kutaura nezvaro, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

<sup>3</sup> Nezuro manheru taitaura kuti, “Waiva chii.” *Mweya Mutsvene Waiva Chii?* Uye takaUona uchingova zvese, izvo Mwari vakavimbisa kwatiri. Uh-huh. MaUri takawana chaizvoizvo zvingadiwa neChechi yaMwari. TakaUwana uri chisimbiso, Munyaradzi, zororo, nemufaro, nerugare, nerumuko. Uye zvose zvakavimbiswa naMwari kuChechi yaVo, zvirimo imomo muMweya Mutsvene.

<sup>4</sup> Uye zvino, manheru ano, tinoda kuparidza nezve, kana kutaura nezve, kudzidzisa nezve. . . Ndine angangoita mapepa 3 kana 4 ezvinyorwa pano, kana Magwaro, paUri, umo. . . Husiku hwapfuura ndakasiya Cruden’s Concordance yangu iri pano, uye handina kukwanisa kuitora. Uye ndatozongopinda nepose pandinogona napo nhasi neMagwaro. Zvino, uye mangwana. . . Manheru ano tiri kudzidzisa pamusoro pe: *Chaiva Chinangwa Chei chaMwari Chekutuma Mweya Mutsvene?* Unombova

Wei? Kana Uri chinhu chikuru chakadaro, saka sei Mwari vakaUtumira?

<sup>5</sup> Zvino, mangwana manheru tinoda kutaura nezvekuti: *NdeWako Here? ne UnoUwana Sei? ne Unoziva Sei Kana Uchinge WaUwana?*

Uye zvakare, mushure mekunge tapinda nemazviri, neMagwaro, tichizvitsanangura neMagwaro, tichishandisa Magwaro pazvinhu zvose, zvino avo vari kutsvaga Mweya Mutsvene vachauya mberi ipapo. Zvino ipapo ndinovimba rumutsiriro rwunenge rwavepo, kubva ipapo zvichienda mberi, kuti tifambire mberi zvino neMweya Mutsvene.

<sup>6</sup> Zvino, sezvo mangwana manheru vazhinji vangangogara kwenguva yakati rebei mumakamuri ari muchechi, ndinonzwa kuti dai taigona kuwana vashumiri vakawanda neavo vanhu vane ruzivo mukutungamirira vanhu kuti vagamuchire Mweya Mutsvene, kuvakurudzira, kuenda mumba mune mumwe—mumwe mudzimai nemurume wake, kana—kana mene mumwewo munhu ari kutsvaga Mweya Mutsvene, vakanyatsodzidziswa pane zvekuita.

Kana mukangopa nhamba yenyu yefoni kana kero kumufundisi, manheru ano kana mangwana manheru. Ingoipai kuna Hama Neville, zvino zvinozotibatsira kuti tisaungane kuti tive nemusangano. Ingopai nhamba yenyu yefoni kwatinogona kukubatai. Uye mobva mati, “Ndichange ndiripo, uye kana tichi...muchida kundiisa mune imbe imba.” Kana ari mu—mudzimai ari ega, zvino tinogona kutumira mudzimai, munoona, kumudzimai uyu. Uyezve, kana muri mumba mune murume nemudzimai wake, zvinoka, tinokwanisa kutumira mushumiri.

Uye isu tingafara zvikuru nekuzonge muchibatsira, nekuti ndinoziva kuti imi, mese, muri kubatikana mune uyu, uyu wakanyanyisa kukosha. Uye rangarirai, “Uyo anoponesa mweya kubva pakudarika kwake, afukidza zvivi zvizhinji.” Maona? Uye Mwenga waKristu une nzara nyoyota. Ari mumarwadzo, kuti abereke vana vaMwari.

<sup>7</sup> Uye zvino, manheru ano, tisati taverenga Magwaro, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate. Uye tisati tanamata, imi makakotamisa misoro yenyu, mungava nechikumiro here? Ingosimudza maoko ako uti, “Mwari, ndinosimudza maoko angu mukurevesa. Ndine chandiri kuda. Ndinonamata kuti Mundibatsire, O Ishe.” Mwari vakuropafadzei mumwe nemumwe wenyu. Vanoona maoko enyu. Ngirozi dzanyora zvikumbo zvavo pasi.

<sup>8</sup> Zvino, Baba veKudenga, tauya zvino, tichiswera kwaMuri zvakare mumunamato. Zvinova izvo, pasina kupokana kuti munamato watoitwa pakati pevana vaMwari manheru ano, munzvimbo diki ino, uye kuti nziyo dzaimbwa, uye tasimudza mwoyo mukudakara kwemufaro wekurumbidza Mwari.

<sup>9</sup> Dhavhidhi akati aizouya muungano yevatsvene oita kuti zvikumbiro zvake zvizivikanwe. Uye manheru ano, pava nemaoko akawanda. Zvichida, pamwe, ndingatati, zvikamu 80 kubva muzana zveavo vagere muchivakwa chino manheru ano vasimudza maoko avo kuitira zvikumbiro. Zvinoratidza, Ishe, kuti hatitongokwanise kuenda pasina iMi. Tinofanira kuva neMi, zuva nezuva. Ndimi Hupenyu hwedu, mufaro wedu, hutano hwedu, simba redu rinotiraramisa, mbambo yedu, dziviro yedu, nhowo yedu kubva kumuvengi.

Uye hataitongokwanisa kurwa hondo iyi yehupenyu tisina iMi. Hazvingagoneke zvachose kuti tizviite, uye tinofanira kuvimba neMi zvizere. Nokuti, tinoziva kuti tiri kufamba munyika ine rima uye isinganyatsooneka. Kumativi ose muvengi anotirwisa, achiisa misungo nemiteyo. Nzira dzedu, Jehovha, dzizere nemisungo yomuvengi, kuti itivhiringe.

<sup>10</sup> Uye isu, zvakare, tinoziva, pamagumo enzira tine mupata murefu iwoyo, une mumvuri unonzi rufu wokufamba nemauro. O Ishe, ndiani anozobata maoko edu ipapo? Tinoda kuKuzivai zvino, Ishe. Tinoda kuziva kuti Makabata maoko edu, uye takabata ruoko rweNyu, kuti tigone kuva nechivimbo ichocho chakabatirira chekuti kana tasvika panguva huru iyoyo yekupedzisira yehupenyu hwedu, inopinda nepamusiro woyu unonzi rufu, kuti tizogona kutaura pamwe nemutsvene wekare, “NdinoMuziva musimba rerumuko rwaKe, uye ndinoziva kuti paAchadana, ndichabuda kubva pakati pevaka.”

<sup>11</sup> Zvino, Mwari Baba, tinonamata kuti Muropafadze zvikumbiro zvedu nekuungana kwedu. Ropafadzai maShoko eNyu. Uye kana ndikataura chero chinhu chingazopesana neShoko reNyu kana kuda kweNyu, iMi muchine simba rekuvhara muromo, sezvaMakaita mugomba reshumba apo Dhanieri akanga aripo. Uye tinonamata, Ishe, kuti Muzarure nzeve nemoyo manheru ano, kuti, uye mugosika mavari nzara nenyota. Ngavave nenyota zvekuti havagone kurara kana kuzorora, chero kupi zvako, kusvikira Munyaradzi auya.

<sup>12</sup> Tinotenda kuti tiri kurarama mumazuva ekupedzisira, mumumvuri weKuuya kwaKe. Uye ndiko kwakanangiswa Mharidzo idzi, Ishe. Ndedzekuti vanhu vateerere, vatore yambiro. Uye dai, manheru ano, tangobvisa chigoko, iko zvino, tochiisa padivi pebhenji, toti, “Ishe Mwari, ndiri kuKugamuchirai. Itai kuti Mweya weNyu upinde nemandiri. Ndiombei uye ndiitei maringe nekuda kweNyu. Ndichapira moyo wangu, simba rangu, zvose zvangu, kuchinangwa cheNyu.”

<sup>13</sup> Tinzwei, Ishe. Isu hatisi pano kuti tioneke, pahusiku huno huri kunaya. Hatisi pano nekuti hakuna kumwe kwekuenda. Tiri pano nokuda kwechinangwa chimwe chakakosha, chinoyera, chitsvene mumwoyo yedu, chinova, kuswera pedyo neMi, tichiziva kuti Makavimbisa kana tikaswera pedyo neMi,

Muchaswederawo pedyo nesu. Uye ndicho chikonzero tiri pano. Uyo anouya aine nzara haangabudi aine nzara. “Vakaropafadzwa vane nzara nenyota yekururama,” akadaro Jesu, “nekuti vachagutswa.” Uye kana tikakumbira chingwa, hatingagamuchiri dombo. Tine chivimbo ichocho. Uye kana tikakumbira hove, hatingagamuchiri nyoka. Asi, Mwari Baba vedu vachatidyisa Mana yeKudenga, Shoko raVo neMweya waVo zvinopupura nezvaVo. Pindurai minamoto yedu, Ishe, nezvikumbiro zvedu, tichiramba takamirira kwaMuri. MuZita raJesu Kristu tinonamata. Amen.

<sup>14</sup> Zvino, imi muri kunyora Magwaro aya pasi, kana mukavhura pamwe neni kuna Mutsvene Johane zvakare, chitsauko 14. Tinoda kutangira pachitsauko 14 chaMutsvene Johane. Uye ngatitangirei sepandima 14, Mutsvene Johane 14:14, uye tingoverenga chikamu cheGwaro iri. Zvino, mune iri muchawana zvizhinji zvechidzidzo chandiri kuda kutaura pamusoro pachu manheru ano.

<sup>15</sup> Uye rangarirai, imi mune maBhaibheri ane mavara matsvuku, pari mumavara matsvuku, ndizvozvo. Aya Mashoko akataurwa naJesu pachaKe, saka naizvozvo tinogona kuva nechokwadi chokuti zvichangova sezvaAkataura. “Matenga nyenika zvichapfuura, asi Shoko raKe haringakundiki.”

Zvino tichaverenga kubva pandima 14 yechitsauko 14.

*Kana mukakumbira chero chinhu muzita rangu, ndichachiita.*

Ivimbiso yakaropafadzwa zvikuru!

*Kana muchindida, chengetai mirayiro yangu.*

*Uye ndichakumbira Baba, zvino vachakupai mumwe Munyaradzi, kuti agare nemi nekusingaperi;*

*Kunyange Mweya wezvokwadi; uyo nyika haigoni kumugamuchira, nokuti haimuoni, . . .*

Zvino, imi mungange muchiverenga kubva muBhaibheri rechiGiriki, munozviona muno, kwete . . . *Kuona* ipapo zvinoreva kuti “kunzwisisa.” “Nekuti nyika haiMunzwisisi.” Ichokwadi chaicho. Regai ndipaverenge zvakare zvino.

*Kunyange Mweya wezvokwadi; uyo . . . chokwadi; uyo nyika haigoni kumugamuchira, nokuti haimuoni, kana kumuziva: asi imi munomuziva; (Ani? Iye Munyaradzi.) nokuti agere nemi zvino (nguva yazvino), . . . agere nemi, uye achava mukati menyu.*

Chii ichocho? Iye Munyaradzi mumwe chete.

*Handingakusiyei musina nyaradzo: Ini . . .*

Chero ani zvake anozviziva kuti “Ini” chisazitasingwi.

*. . . Ini ndichauya kwamuri.*

Munguva pfupi, uye *nyika haichazondioni* zvakare; *asi imi mucha . . . asi imi munondiona: nokuti ndinorarama, nemiwo muchararama zvakare.*

*Nezuva iro muchaziva kuti ndiri muna Baba vangu, nemi mandiri, neni mamuri.*

Ndipo pachava nedingindira repfungwa yangu, asi tichaverenga mberi zvishoma. Regai ndiverengezve izvozvo zvino, zvakare.

*Nezuva iroro (zuva guru, zuva rokutungwa), zuva iroro muchaziva kuti ndiri muna Baba, nemi mandiri, neni mamuri.*

Uyo ane murayiro wangu, uye achiichengeta, *ndiye wacho anondida: uye anondida achadikanwa naBaba vangu, neni ndichamudawo, uye ndichazviratidza kwaari.*

*Judhasi akati kwaari, kwete Isikariyoti, Ishe, inzira ipi yamuchazviratidza kwatiri, musingazviratidzi kunyika?*

Ndiyo, *kosmos*, “hurongwa hwenyika.” Kana muine rine zvinyorwa zviru kumucheto ipapo, muchacherechedza. Rangu ndi “g,” uye rinoti pano, “*kosmos*, kana hurongwa hwenyika.” Ndiwo machechi, nezvimwe zvakadaro, munoono.

*. . .inzira ipi yamuchazviratidza kwatiri, uye musingazviratidzi kwavari? Mungazviita sei?*

*Jesu akapindura akati kwaari, Kana munhu achindida, achachengeta mashoko angu: (ameni) naBaba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari, uye toita hugaro hwedu naye.*

*Uyo asingandidi haachengeti mashoko angu: . . .*

Angagona kuchengeta mashoko echechi; asi kuchengeta mashoko aKe, munoono.

*. . .uye mashoko amunonzwa haasi angu, asi Baba vakandituma.*

*Zvinhu izvi ndakakuudzai, ndichigere nemi.*

*Asi Munyaradzi, anova Mweya Mutsvene, achatumwa naBaba muzita rangu, achakudzidzisi zvinhu zvose, uye nokuunza zvinhu zvose izvi (iwo, Mashoko aKe) mundangariro dzenyu, chero zvose zvandakareva kwamuri.*

Mwari vakatumira Mweya Mutsvene nechinangwa chei zvino? Dai Vawedzera maropafadzo aVo kuShoko raVo.

<sup>16</sup> Jesu akataura, kuti, “Nezuva iroro muchaziva kuti iNi ndiri muna Baba, uye Baba vari maNdiri; uye muri . . .Ini ndiri mamuri, uye imi muri maNdiri.” Zvino, kana taizotaura izvi . . .

17 Zvino, rangarirai, izvi zvichange zviri patepi.

Mumwe muzvinabhizimu weChikristu, anobva kuLouisville, akandifonera nguva yadarika. Uye akati, “Zvinonyadzisa, Billy, kuti Mharidzo idzi, seyawakaparidza manheru apfuura, hadzisiviki kune 40,000 kuno panzvimbo yevanhu 150, kana 200, 300 vari patabhenakeri yako duku.”

18 Ndakati, “Changamire, mumwedzi 6 kubva zvino, kana Jesu vakanonoka, pasi rose richanzwa izvi.” Maona?

Matepi iwayo anoenda pasi rose, munoona, kwese. Uye, naizvozvwo, tiri kudzidzisa pano zvino izvo zvatinongotenda kuti iChokwadi, uye zvatakaona kuti Mwari vakazvisimbisa kwatiri kuti iChokwadi.

19 Zvino, chinangwa, chaiva chei—chaiva chinangwa chei chekuti Mwari vatumire Mweya Mutsvene? Zvino, ndingazvinyora pasi, Johane 14, kutangira pandima 14, nekuverenga chitsauko chose, kuti tiwane nheyo. Chinangwa chaMwari, tinoona pano, mukutumira Mweya Mutsvene, chaiva chinangwa chimwe chete, chokuti Mwari pachaVo vagare muChechi Yavo uye voenderera mberi nehurongwa hwaVo kuburikidza neChechi.

Kuti, Mwari vaiva muna Kristu, vachienderera mberi nehurongwa hwaVo kubudikidza naKristu; kubva muna Kristu, kupinda muChechi, vachienderera mberi nebasa raVo kubudikidza neChechi.

20 Zvino, tinoziva kuti Mweya Mutsvene chii. Takaona, manheru apfuura, kuti iWo ndiMwari.

Zvino, kana tikafunga nezvaMwari, Baba, sezvataura Jesu pano, Baba vaKe; Mwari, Mwanakomana, saJesu; Mwari, Mweya Mutsvene, sezvatinoUdaidza nhasi uno, zvino, hazvireve kuti kune vanaMwari 3, vakasiyana. Zvinoziva kuti kuna Mwari 1 mumahofisi 3.

Regai tizvitaure sezvizvi. Zvose zvaiva Mwari, Vakazvidurura muna Kristu, nokuti zvaVaive zvose VakaZvidurura muna Kristu. “Zvino Kristu aive huzaro weHumwari mumutumbi.” Zvose hazvo zvaiva Jehovha, Vakazvidurura muna Kristu.

Uye zvose zvaiva Kristu, Vakazvidurura muChechi; kwete mumunhu 1 bedzi, asi muMutumbi wose zvawo. Ipapo, patinouya pamwe chete muhumwe, tine Simba. Zvose zvaiva Mwari, zvaiva muna Kristu; uye zvose zvakanga zviri Kristu, zviri mamuri.

“Nekuti Mwari vakaitwa nyama, ndokugara pakati pedu.” Timotio Wokutanga 3:16, kana muri kuzvinyora pasi, “Pasina gakava chakavanzika chehumwari chikuru: nekuti Mwari vakaratidzwa munyama, uye tikaVabata. Mwari, Jehovha,

vakaitwa nyama, uye vakafamba panyika, uye takaVaona nemaziso edu.”

<sup>21</sup> Munoziva, muchitsauko chimwe chete ichocho, chaJohane 14, Firipi akati, “Ishe, tiratidzei Baba, uye zvigotigutsa.”

<sup>22</sup> Jesu akati, “Ndava nemi kwenguva refu, Firipi, uye hauNdizive? Kana waona iNi, waona Baba. Uye sei uchiti kwaNdiri, ‘Tiratidzei Baba?’” Mwari vakaitwa nyama.

<sup>23</sup> Zvino hezvinoi izvi. Baba vakanga vari Mwari pamusoro penyu, tiri kutaura. Takavepo kubva pana Adhamu. Mwari, Baba, vaive pamusoro paMosesi nevana veIsraeri, vari muShongwe yeMoto. Zvino, Mwari vainesu, muna Kristu; vakafamba nesu, vakataura nesu, vakadya nesu, vakavata nesu. Mwari vari pamusoro pedu; Mwari vainesu; uye zvino Mwari vari matiri. Zvose zvaiva Mwari, zvakauya muna Kristu; zvose zvaiva Kristu, zvakauya muChechi.

Chii ichocho? Mwari vachishanda mauri. Chero kupi zvako munyika kwaVangada kudana kwauri, uripo ipapo chaipo, vachishanda mauri kuita kuda kwaVo kwakanaka. Tinofanira kutenda Mwari zvakadini nokuda kwazvo! Mwari, Mweya Mutsvene, wakatumwa nechinangwa chekuti Mwari vagare muChechi yaVo, vachifamba nemuzera rimwe nerimwe, vachiita kuda kwaVo Kutsvene.

<sup>24</sup> Kana vanhu vakakuseka, havasi kuseka iwewe, vari kuseka iYe akakutuma. Saka Jesu akati, “Makaropafadzwa imi kana vanhu vachitaura zvakaipa zvose pamusoro penyu, zvenhema, nokuda kweZita raNgu. Makaropafadzwa imi.” Uye, zvakare, “Vose vanorarama hutsvene muna Kristu Jesu vachatambudzwa.”

Nokuti, Mwari paVakazvizivisa muna Kristu, vakaMuvenga. Ndiani aiMuvenga, zvakanyanyisa? Chechi. Chechi yaiMuvenga, zvakatonyanyisa. VaiMuvenga zvakanyanya kupfuura chichidhakwa. VakaMuvenga zvakanyanya kupfuura vamwe vanhu vose. Chechi ndiyo yaiMuvenga. Saka, naizvozvo, pamunoona *kosmos*, “Hurongwa hwenyika, nyika haina kuMuziva,” zvinoreva, “chechi,” yezita, “haina kuMuziva. Akauya kune vekwaKe, uye vekwaKe havana kuMugamuchira.”

“Asi vose vakaMugamuchira, kwavari Akavapa simba rokuti vave vanakomana vaMwari, kune avo vakatenda kuZita raKe.” Oo, tinofanira kuMuda kwazvo nekuMunamata! Chinangwa chaMwari, chekuda kuva mukuyanana!

<sup>25</sup> Sekuti, tisati tasiya nyaya iyoyo, ngatishandisei izvi; mumazuva aRute, pamurairo werudzikunuro, Naomi paakanga abuda munyika, nekuda kwekuyedzwa, nguva dzakaoma. Akapinda munyika yeMoabhi, yaingova neMakristuwo zvawo anongodziya, ezita. Nekuti, vaMoabhi vakabva kumwanasikana waRoti, uye vaingonziwo vatendi vezita, uye vakangovhengana. Ndokubva murume wake afa, uye navanakomana vake 2

vakafa. Zvino vari munzira kuenda kumusha, Naomi... Rute naNaomi, vari munzira yake kuenda kumusha, iye... Mumwe wavarooro vake, Oripa, akati iye aizodzokera kunyika yekwake, kuzvimwari zvake, nekuchechi yake, nekuvanhu vake. Zvino Naomi akayedza kuita kuti Rute adzokere, asi akati, “Vanhu venyu vanhu vangu. Mwari wenyu ndiye Mwari wangu. Pamunofira, ndipo pandichafira. Pamunovigwa, ndipo pandichavigwawo. Uye handisi kuzodzokera.”

<sup>26</sup> Ndipo apo kana munhu abata chiratidzo. Hazvina mutsauko zvakataurwa nevanhu vake, “Uri kuenda ikoko kunova muumburuki mutsvene kana chimwe chinhu.” Izvozvo hazvina kana mutsauko wazvakaita kuna Rute. Paiva nechinangwa chaMwari chaifanira kuzadziswa.

<sup>27</sup> Uye sekungova chokwadi chekuva nenzara yauinayo yeMweya Mutsvene manheru ano, ndechimwe chinhu chiri mauri, chiri kukudhonza, kuti chinangwa chaMwari muhupenyu hwako chinofanira kuzadziswa, sezvazvakanga zvakaita naRute.

<sup>28</sup> Nyaya yacho yakanaka kwazvo! Handitongokwanise kuisiya, kwechinguva. Munoziva murairo werudzikinuro, kuti apo Bhoazi... Munoziva nyaya yekuti Rute akakohworora sei mumunda uye akawanirwa nyasha naBhoazi. Uye asati amuroora, aifanira kudzikinura zvose izvo Naomi akanga arasikirwa nazvo. Uye uyo oga aikwanisa kudzikinura nhaka yaNaomi yakarasika, mumurairo werudzikinuro, yaiva hama yepedyo; aifanira kuva hama chaiyo asati akwanisa kudzikinura. Uye ndidzo dzaiva hama dzake dzepedyosa. Zvino aitifanira kuita chiratidzo chinoonekwa paruzhinji, kunze kwesuwo, kana kupupura paruzhinji kuti akanga adzikinura zvose izvo Naomi akanga arasikirwa nazvo. Zvino Bhoazi akazviita nokubvisa shangu yake pamberi pavakuru, ndokuti, “Kana paina ani zvake pano ane chinhu chaNaomi, ini nhasi uno ndachidzikinura.”

<sup>29</sup> Uye ndiyo nzira iyo Mwari vakaita, vakatevedza mirairo yaVo pachaVo. Mwari havakwanise kutevera, vokupa mumwe murawo wekutevera zvino iVo votevera mumwewo. Vanotevera mirawo yaVo pachaVo. Zvino, Mwari, kuti vadzikinure chechi yakarasika, nyika yakarasika, zvisikwa zvakarasika; Mwari, aVo vasina magumo muMweya, kuti vadzikinure rudzi rwevanhu rwakarasika, Mwari pachaVo vakava hama, Munhu, Mwanakomana waVakasika mumimba yaMaria. Uye zvakare Vakaita chiratidzo, kana huchapupu; kunze kwemasuwo eJerusarema, Vakasimudzwa pakati pematenga nenyika, uye vakafa, uye vakadzikinura zvose. Uye mukubuda ropa, Vakachenesa Chechi yekuti iVo pachaVo vazogara mairi, uye vayanane uye nokukurukura nayo, chikamu ichocho chakarasika chekuyanana kubva mubindu reEdheni apo Mwari vaiburuka manheru ega-ega, nguva yekuchechi.

Macherechedza here? Mwari vaiburuka mukutonhorera



kwezuya, pakuvira kwezuya. Pane chimwe chinhu pazviri kana kwotanga kudoka, vanhu vanofunga nezvechечи uye nezvaMwari; Makristu. Unoona zuva richinyura, unocherechedza kuti zuva rako rava kunyura.

<sup>30</sup> Uye mukutonhorera kwemanheru Vaiburuka vokurukura navo. Uye ipapo Vakaraskirwa nokuyanana ikoko, nokuti chivi hachina kuVatendera kuti vazviite.

Ndokubva Vaitwa nyama uye vakagara pakati pedu, kuitira kuti Vadzoke zvakare kumunhu, uye vazogara mumunhu, uye vodzoreredza munhu kuchimiro chekuyanana naVo zvakare, uye nokumudzoreredza kodzero yake yaakapihwa naMwari. Ndizvo zvaVakaita.

<sup>31</sup> Ndicho chinangwa cheMweya Mutsvene. NdiBaba, zvakare, Mwari Baba vachigara mauri, vachigadzira hurongwa hwaVo, kupedzisa hurongwa hwaVo hwerudzikinuro; vachishanda kubudikidza nemauri, vachikuita iwe mushandidzani pamwe naVo; vachikupa nzvimbo, vachikupa chikamu chehama nehanzvadzi yako yakawa, yakarasika; vachikupa Mweya vaVo nerudo rwaVo, kuti uende kunovhima vakarasika, sezvaVakaita mubindu reEdheni. “Adhamu, Adhamu, uripiko?” Ndizvo zvinoita Mweya Mutsvene kumurume kana mudzimai. Kana Ukarova mumoyo mavo wotora hugaro hwaWo, panova nenyota nenzara kune mweya yakarasika.

Ndiro dambudziko nemisangano nhasi. Hamuna kubata kwakakwana kweMweya mairi, kwekuendera mweya yakarasika nevari kufa. Ndezve kungogadzira zita kunyanya, kana imwewo chechi, kana chivakwa, kana sangano, panzvimbo yechirongwa chekuhwinha mweya yakarasika. Zvinosiririsa kwazvo! Taigona kugara pazviri zvakanyanya.

Mwari vakazvidurura pachaVo muna Kristu. Ndizvozvo.

<sup>32</sup> Kristu akazvidurura pachaKe muChechi. Saka, zvino tarirai, “Pazuva iroro muchaziva kuti Ndiri muna Baba, uye imi muri maNdiri, uye iNi ndiri mamuri. Pazuva iroro muchazviva.” Nokuti, icho, chinhu chacho chose hurongwa humwe chete hwerudzikinuro huchidzika, kuti Mwari vachidzoka kuzogara mukati, nokugara navo, nokukurukura nevanhu vaVo, sezvaVakaita pakutanga.

Zvino, ipapo, paVanongoisa Chechi yaVo muchinhano chekutaaurirana, voisa Chechi yaVo apo paVanogona kuZvifambisa nemairi, nerudo, nokunyengetedza, nekuyanana, zvino ipapo panouzuya Edheni. Vachatora Chechi yaVo kudzokera kwaYaka—YakaVasiya, kudzokera kuEdheni zvakare, uko kwaYakawira. Iyo, zvino...Ndipo paYakava nemavambo aYo ekutanga, kana kuti kuwa. Ikoko ndiko kwaChadzoserwa chaiko, nechose chakachena cherudzikinuro, kuvadzosa chaiko kunzvimbo iyoyo zvakare.

<sup>33</sup> Chechi yava munyika kwenguva yakati kuti. Uye Chechi, zvamazvirokwazvo, mushure meKuvandudzwa, kwemakore 1,500 emazera erima...Luther ndiye aive muvandudzi wekutanga kubuda mushure menguva yevaapostora. Uyezve Luther paakabuda, Mwari vakadeurira Mweya mushoma ndokuUdururira paChechi, mukururamiswa. Uye tevere mumazuva aWesley, Vakati wedzerei kuzvidurura kwaVo, mukucheneswa. Uye nekufamba kwaita zera, kusvika kunguva yekupedzisira, Mwari vanga vachizadza Chechi yaVo. Ingotarisa kwese muone kana ichocho chiri Chokwadi, kana kuti kwete.

<sup>34</sup> Tarisai zera rechiLutherani, imi munoverenga nhoroondo, tarisai rumutsiro rwavo nezvavakaita. Tarirai kukura kwainge kwakaita rumutsiro rwaWesley, kuti vaive nesimba rakawedzerwa zvakadii, asi muhushoma. Tarisai mumazuva ePentekosti, kuti vakava nerumutsiro rwakadini ipapo, rwakave rwukuru, rwukapararira kwazvo.

<sup>35</sup> Zvakare, *Our Sunday Visitor*; bepa reKatorike, rinopupura kuti maPentekosti vakatendeutsa 1,500,000 mugore rimwe chete, vakakunda mamwe machechi ose akabatanidzwa. MaKatorike akangotendeutsa, vakawana, miriyoni imwe. Mu*Sunday Visitor* ravo, bepa rainzi *Sunday Visitor*, rakataura kuti maPentekosti akavakunda.

Uye, rangarirai, kutendeuka kwePentekosti kutendeuka kwekuzadzwa neMweya Mutsvene. Vari vashoma, pakutanga kwacho, vari padivi remukoto kunze uko, negitare re—rekare. Uye vakadzi vakanga vasingatombokwanisi kutenga masitokononzi. Vachirara kunze munjanji, uye vachinhonga chibage uye vochidzvura, vobika chingwa chevana vavo. Asi zvakasvika pakuvei? Chechi yakamira ine simba kwazvo kudarika dzose pasi rose nhasi, kwete mumaziso enyika, asi mumaziso aMwari, nokuti Vanozviritidza nezvaVari kuvaitira. Vari kuzvidurura pachaVo mavari, vachiUdururira mukati.

<sup>36</sup> Cherechedzai zvino zvakaitika, Mwari vachizvidurura pachaVo mavari. Zvino Chechi yasvika pekuti, kubva kuna Luther, Wesley, nerumutsiro rwasvika paPentekosti; uye zvino kupinda muzera rino ratiri kuuya zvino, neMweya Mutsvene mumwe chetewo, Unongova wakati wedzerwei. Zvino, maLutherani kumashure uko pavakaponeswa, vakawana chikamu cheMweya Mutsvene. Pakacheneswa maMethodisti, iroro raiva basa reMweya Mutsvene. Munoono, chaive chikamu cheMweya Mutsvene. “Ivo pasina isu havagone kukwaniswa,” Gwaro rinodaro. Maona?

<sup>37</sup> Zvino, Mwari, apo Chiedza chakatanga kupenya mumazuva ekupedzisira, Vari kutarisira kwatiri, chinhu chikuru kubva kunesu. Nokuti, “Uko kwakapihwa zvizhinji, kune zvizhinji zvinotarisirwawo.” Saka Vachatoda zvakawanda zvinobva kwatiri kupfuura zvaVakaita kumaLutherani kana

maMethodisti, nekuti tinofamba muChiedza chakawedzerwa, chine Simba rakawedzerwa, nehwakati wedzerwei...hu—huchapupu hwakawedzerwa kupfuura hwavaiva nahwo. Zvino, tine huchapupu hwakawedzerwa hwerumuko. Tine zvinhu zvakasimba, zvemazvirokwazvo kupfuura zvavaive nazvo.

<sup>38</sup> Asi zvakangoita sezvandakataura kukoreji yechiLutherani, nguva pfupi yadarika.

Vakati ivo, “Chii chatinacho?”

Ndakati, “Mumwe murume akadyara munda wechibage. Tutsuri tudiki tweekutanga twakabuda, zvino akati, ‘Ndinotenda Ishe nekuda kwechi—chirimwa chechibage!’ Pane zvinooonekwa, aive nacho, asi aingova nacho muchimiro chekutanga. Gare-gare, chakava dzinde.”

Zvino muchekechera wakabuda pachiri, waiva maMethodisti.

<sup>39</sup> Kana mukatarisa zvisikwa, muchaona Mwari vachishanda. Pane chakavanzika chiripo chinotofambirana neshumiro yangu. Maona? Ikoko, kutarisa zvisikwa, woona zvazvinoita, kuti izera ripi uye inguva ipi, unokwanisa kuona pauri kurarama. Tarisai zera.

<sup>40</sup> Zvino, ipapo, maMethodisti, vaive muchekechera. Vakatarisa shure kumaLutherani, vakati, “Tine kucheneswa; imi hamuna chamunacho maUri.”

Gare-gare, kubva pamukume iwoyo, kubva kumaMethodisti, pakabuda tsanga ye...hura hwechibage. Hwakanga huri Pentekosti.

Hezvoka izvo, kururamiswa, danho rimwe raCho. Kucheneswa, rimwe danho raCho. Mweya Mutsvene, rimwe danho raCho; Pentekosti. Luther, Wesley, Pentekosti.

<sup>41</sup> Zvino Pentekosti inoita sei? Ndinoifananidza, nokuti, muPentekosti, zvakadzosa, kwete shizha regirini, kwete muchekechera, asi... .

Chibage hachingati kumuchekechera, “Ini handina basa newe.” Kana kuti, muchekechera haugone kutaura kushi—shizha, “handina basa newe,” nokuti hupenyu humwe chete hwaiva mushizha hwakagadzira muchekechera. Hupenyu humwe chetehwo hwaiva mumuchekechera hwakagadzira hura.

Uye vaive chechi yeLutherani yakagadzira chechi yaWesley. Yaive Chechi yaWesley yakagadzira Pentekosti.

Asi, Pentekosti, imbori chii? Kudzoreredzwa kwemhando imwe chete yetsanga yakapinda muvhu pakutanga, kuchidzosa huzaro hwese hweSimba rePentekosti, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, munoono, mumazuva ekupedzisira. Oo, chinhu chikuru, kutarisa, kutenda nekuchitarisa.

<sup>42</sup> Zvino muzera rino ratiri kurarama zvino, zera rino, riri kumberi kwePentekosti.

Pentekosti yakazvigarisa mumasangano, ndokutanga kunyepera zvakawanda pamusoro pemasangano, “Tiri *izvi* uye isu tiri *izvo*.” Hunongova hunhu hwacho. Hautongorina zvaunogona kuita. Hunhu hwacho. Vachaita izvozvo. Ndiri zano racho, kuti vaite izvozvo.

Asi Chechi yakaenderera mberi. Yapinda mune simba rakanyanya kuwedzerwa, rakakura. Ndiriko kudzoreredzwa kwezvipo.

Uye vanhu vazhinji vePentekosti havatende mukupodza kwaMwari, shumiro yeNgirozi, uye nemasimba aMwari. MaPentekosti mazhinji vanodana zviratidzo izvi zvandinoona kuti, “dhiyabhore.” Masangano mazhinji haatodi kuwana chekuita naZvo, imo muPentekosti. Munoono, tafamba kudarika ipapo. SemaMethodisti aingodana maPentekosti kuti, “mapenzi,” nokuda kwekutaura nendimi. Sekungodaidza kwaiita muLutherani kumaMethodisti kuti, “mapenzi,” nokuda kwokudanidzira. Maona?

Asi zvose kuuya kweMweya Mutsvene, kusvikira Chechi huru yave kuzadzwa, nekunyatsodirwa kusvika yazara, hareruya, nemasimba makuru aMwari Samasimba. Kusvikira, zvasvika pekuti mabasa chaiwo akaitwa naJesu ave kuzviratidza muChechi zvino. Taswederwa pedyo, shamwari.

<sup>43</sup> Regai ndimire pano, kwechinguvana, kuti tiwane zvakaisirwa Mweya Mutsvene muChechi naMwari, ndokupai mumwe mufananidzo kuitira kuti muzive. Kareko muTestamende Yekare, apo mwa—mwana . . .

Murume aizvigadzirira musha. Owana mwenga wake, ndicho chinhu chekutanga.

Obva ava munhu mukuru, sesangano. Zvanga zvakanaka.

Chinhu chinotevera chaitika, paiuya kuzvarwa mumusha imomo. Ndeapo Mweya Mutsvene, munoono, mumwe mweya waiuyamo, waive mwanakomana. Mwanakomana iyeye, akanga asina masimba akazara, uyewo akanga asiri mugari wenhaka kusvikira ave pane rimwe zera. Uye aifanira kuyedzwa, kutanga. Hongu.

Uye zvararo vaive nemurawo wekugadza. Kunemi vashumiri, “kugadzwa kwemwanakomana,” ndiko kwandiri kutaura nezvako zvino, munoono, zvino kana asvika panzvimbo yekuti aizogadzwa. Jesu akapa mufananidzo wakaisvonaka wavzo, paGomo reShanduko.

<sup>44</sup> Sezvandataura kuti, Mwari havazombobudi kunze kwemirawo yaVo kuti vaite chero chinhu.

Kana uine chisipiti pachikomo *ichi*, chichifuridzira mvura kwese-kwese mumhepo, uye paine chimwe chikomo ichi chiri

neche *apa*, uine chirimwa chiri kutsva, unogona kumira pachikomo ichi wodanidzira kuti, “Oo, mvura, mhanya neche kuno uzadze chirimwa changu! Oo, mvura, svika kuchirimwa changu!” Haimbofa yakazviita. Asi kana ukashanda maringe nemirawo wegiravhiti, unogona kudiridza chirimwa ichocho.

<sup>45</sup> Muine murume anorwara arere pano, kana mutadzi arere pano, kana murume anoda kuita zvakanaka, asingagoni kurega doro, asingagoni kurega kuputa, asingagoni kurega kuchiva nezvimwe zvinhu. Kana mukangoshanda maringe nemirawo yaMwari, mosiya Mweya Mutsvene wopinda imomo, zvino iye anenge asisiri muridzi wake iye pachake. Iye, acharega chinhu ichocho, nekuti Mweya Mutsvene unotora hutongi maari. Asi unofanira kushanda maringe nemirawo yaMwari, mitemo yaMwari.

<sup>46</sup> Zvino, muTestamende Yekare, mwana uyu paaizvarwa, vaimutarisa, kuti vaone kuti anozvibata sei, pahunhu.

Zvino baba, vari muzvinabhizimu mukuru panguva iyi, zvichida vave kuma 40 kana kuma 50, vainge vasina nguva yekudzidzisa mwana uyu, pachavo, saka vaiwana . . . Mumazuva iwayo vakanga vasina zvikoro zveruzhinji sezvavave nazvo zvino, saka vaiwana wavaiti “murairidzi,” kana “mureri,” mudzidzisi wechikoro. Uye mudzidzisi uyu ndiye aive akanakisa wavaigona kuwana, kuitira kuti ave akatendeka uye achiudza baba vacho chokwadi nezvake.

<sup>47</sup> Zvino kana mukomana uyu asvika pane rimwe zera, toti, ainge ayaruka. Kana mukomana uyu aingova mambara, asina kunaka, asina hanya nebasa rababa; choga chaaingofunga kwaiva kuita zvekutamba nekumhanyidzana nevakadzi, kana—kana kunwa, kana kutamba njuga, kana mijawo yemabhiza; mukomana iyeye aizogara ari mwanakomana, asi haaizomboiswa panzvimbo yekuva mugari wenhaka yezvose zvaive zvababa vake.

Asi kana aive mukomana akanaka, uye ari pabasa rababa, uye achiratidza kuti aive mwana chaiye, zvino vaiita mhemberero. Vaitora mukomana kuenda naye mumugwagwa vonomupfekedza nguwo chena, uye vaimugadzika pakakwirira kuti guta rose rione. Vaiita mabiko nejubheri, uye baba vaibva vaita mhemberero yekugadza. Vaigadza mwanakomana wavo mubhizimu ravo ivo, zvino ipapo mwanakomana uyu anenge aenzana nababa vake. Nemamwe mashoko, dai anga ari nhasi uno, zita remwanakomana pacheki rainge rakangofanana nerababa.

<sup>48</sup> Zvino tarisai zvakaitwa naMwari. Pakazvarwa Mwanakomana waVo, VakaMurega achienda kwemakore 30, vachiMuyedza, nekuMuisa pamuyedzo. Ndokubva vaMupa makore 3 ekuyedzwa kwakaoma. Zvino pakupera kwekuyedzwa kwakaoma, paVakaona kuti Mwanakomana waVo aive ari

pabasa raBaba; Gomo Rekushandurwa, Bhuku raRuka; Vakatora Petro, Jakobho, naJohane, zvapupu 3, ndokukwira pamusoro pegomo, uye ipapo Mwari vakaita mirawo yekugadza. Ivo...Vakatarisa kumusoro vakaona Jesu, uye nguwo dzaKe dzakapenya semheni. Zvino Gore richiMufukidza, neNzwi rakabuda muGore iri, ndokuti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu wandinoda; Munzwei. Ndichagara pasi zvino uye handichina chekutura. ZvaAnotaura murawo neZvokwadi.”

<sup>49</sup> Zvino chechi yakapinda nemuzvikoro izvozvo. Yakaroorwa kumashure uko, kareko, ndokuva sangano rechechi, sangano. Asi, cherechedzai, Kuberekwa kwakaunza chimwewo chinhu. Uye zvino zvasvika panzvimbo apo chechi yePentekosti, ine Kuberekwa patsva, yakayedzwa nokuiswa pamuyedzo, uye zvino yave kusvika panzvimbo...Mwari havashande neChechi sesanganowo zvaro. Havashande neChechi sebo—boka revanhu.

Vanoshanda neChechi semunhu mumwe nemumwe, munhu mumwe nemumwe ari muChechi. Uye zvino zvasvika panguva...Uye hachisi chakavanzika; tose tinozviona. Kana munhu akaratidza, uye Mwari vachimuda, Vanomubuditsa kune imwe nzvimbo kwavari iVo. Ikoko pamberi peNgirozi Vanomuitira chimwe chinhu. Vanomusimudzira kumusoro uko muHupo hwaMwari, uye vomupa zvipo, nokumuzadza, nokumuisa kunze. Ndiro zera ratiri kurarama mariri.

<sup>50</sup> Mweya Mutsvene mumwe chete wakaponesa maLutherani, wakachenesa maMethodisti, wakabhabhatidza maPentekosti, iye zvino uri kuisa muhurongwa Kuuya kwaIshe Jesu. Apo, uchange uine simba kwazvo, Mutumbi iwoyo, uchauya muBoka iri, Chechi, iro richabuditsa vamwe vose kubva muguva. Kuchava nerumuko. Ndiro basa reMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene chii? “Pasina isu havagoni kukwaniswa.” Vakararama muzuva rimwe, pasi paizvozvo. Tiri kurarama mune rimwe zuva.

“Kana muvengi akauya semafashamu, Ndicha...Mweya waMwari uchasimudza chiyero chinopikisana nawo.” Maona? Tiri muzuva zvino...

<sup>51</sup> Kareko, vakanga vasina huchenjeri sehwanhasi uno. Vaisakwanisa kugadzira bhomba reatomiki kana motokari. Vakanga vasina sainzi nezvinhu sezvatinazvo zvino, asi, nezvinhu zvezvinhu zvakavanzika; kuyedza kutaura kuti munhu akafuridzirwa pamwe chete, nerimwe guruva nezvimwe zvakadaro, uye nekuongorora nekuyedza kuzviratidza pachena, kugadzira vasingatendi kubva muvanhu.

Asi zvino, kana tichiUda, Mweya waMwari unosimudza chiyero. Chii ichochi? Vari kudurura Mweya waVo. Zvino, avo vakazorora muguva, kana pasi peartari yaMwari, sezvimoreva Gwaro, vari kudandirira, “Kusvikira riinhiko, Ishe? Kusvikira riinhi? Kwasara nguva yakadii?” Mwari vakamirira paneni newe. Chechi yakamirira paneni newe. Nguva yekugadzwa, apo Mwari

vanogona kudurura matiri huzaro hwaVo, Simba raVo, rumuko rwaVo, kuti kana Chechi naKristu vaswedera pedyosa pamwe chete kusvikira Kristu ava kuonekwa pachena pakati pedu, uye omutsa vakafa, uye topinda muKubvutwa.

<sup>52</sup> Zvino tichati, ticharatidza mushure mechinguva, kuti avo bedzi vakazadzwa neMweya Mutsvene ndivo vanopinda muKubvutwa ikoko. “Nekuti vamwe vose vakafa havana kurarama kwemakore 1,000.” Ndizvozvo. Vanhu vakangozadzwa neMweya Mutsvene chete ndivo vose vakapinda muKubvutwa. Zvino, Mwari vakapa Mweya Mutsvene. . .

<sup>53</sup> Ndine rimwe Gwaro pano, muna Johane 14:12. Iro iGwaro rinozivikanwa chaizvo nevanhu vese pano patabhenakeri.

*Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Uyo anotenda kwandiri. . .*

Zvino, musarega izwi iroro rekuti “anotenda” riite sekukudzoserai shure. Muchechiwo yezita, vanoti, “Hongu, ndinotenda. Chokwadi, ndinotenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari.” Dhiyabhore anotendawo zvimwe chetezvo. Ndizvo chaizvo. Bhaibheri rakati anodaro.

Asi Gwaro rinoti, muna Johane, kuti, “Hapana munhu anogona kudana Jesu kuti Kristu, kunze kwekubudikidza neMweya Mutsvene chete.” Iwe wato, chaizvoizvo, neGwaro. . . Regai ndimire pano kwechinguvana, ndisati ndapedza kuverenga. Hauna kutendeuka kusvikira wagamuchira Mweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>54</sup> Uri kutenda “kusvikira.” Mweya Mutsvene wataura kwaUri, uye waMupupura pachena. Dhiyabhore ane zvimwe chetezvo. “NdinoMutenda kuti Mwanakomana waMwari.” Ndizvo zvinoitawo dhiyabhore. Asi uri kufambira mberi kuenda kwaAri.

Apo, Petro akadanwa akaruramiswa, nokutenda kuna Ishe Jesu Kristu; uye muna Johane 17:17, Jesu akavachenesa kubudikidza neShoko, nokuti Shoko rakanga riri Zvokwadi. Uye Aiva Shoko. Johane 1, inoti, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama, ndokugara pakati pedu.” Akanga ari Shoko, saka Akavachenesa. Akati, “Baba,” achitaura neMweya uri maAri, “Ndinovachenesa kubudikidza neShoko,” pachaKe, nokuturika maoko aKe pamusoro pavo. “Shoko reNyu iZvokwadi.” AkangoMutaura kuti avepo, mumimba yemudzimai; oo, hazvigoneke zvachose kuti Ave chero imwe nzira kunze kweShoko raMwari iri riri kuMuratidza. “Ndinovachenesa.”

<sup>55</sup> Akavapa simba pamusoro pemweya yakaipa. Vakabuda. Akaisa mazita avo muBhuku reHupenyu reGwayana. Uye Akavatuma kunze, Johane. . . Mateu 10, uye akavapa simba pamusoro pemweya yetsvina; vakadzanga mweya yakaipa,

nekuita mabasa, nezvimwe zvakadaro. Zvino vakadzoka, vachifara, vakati, “Kunyange madhimoni anozviisa pasi pedu.”

Akati, “Musafara nekuti madhimoni anozviisa pasi penyuri; asi farai nokuti mazita enyu ari muBhuku.” Uye Judhasi akanga ainavo ipapo. Onai kuti anoswedera pedyo zvakadii; kunyatsouya chaizvo nemukururamiswa, akafambira mberi kupinda mukucheneswa. Asi chiedza chake akachiratidza kupi? Akazviratidza kupi? Pendekosti isati yasvika, akaratidza chaizvo zvaave.

<sup>56</sup> Tarisai, mweya iwoyo uchange wakangozvireka uye uchingoratidzika kuva wehutsvene sezvaungava, kusvikira wasvika paMweya Mutsvene, zvino vanoUrambira ipapo chaipo. Ndiwo mweya iwoyo (hamusi kuuona here?) uchikwira kumusoro, iye antikristu. Zvino Jesu akati, “Ichange iri pedyo nepedyosa pamwe chete, mumazuva okupedzisira, zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka.” Asi, rangarirai, Vasanangurwa voga ndivo vachazviona.

Mwari vanodana nekusanangura. Iwe, haufari here kuti uri mumwe wavo? Hamufari here, vanhu vari pano manheru ano, muchiziva kuti chimwe chinhu chiri mumoyo menyu chiri kudhonza, “Ndinoda Mweya Mutsvene iwoyo. NdinoKudai, Ishe, mumoyo manghu”? Imhaka yekuti Mwari vakaisa zita rako muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Vakataura kudaro.

“Hapana munhu angauya kwaNdiri,” Jesu akadaro, “kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga. Uye vose vanouya kwaNdiri, Ndichavapa Hupenyu Husingaperi.” Ko Hupenyu Husingaperi chii? Mweya Mutsvene. “Hupenyu Husingaperi,” tora izwi iroro worironda muchiGiriki, zvino rakati, *Zoe*. Zoe ndiwo Mweya Mutsvene. “Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri. Uye vose vanouya kwaNdiri, Ndichamupa Mweya Mutsvene, uye Ndichamutsa nezvuva rokupedzisira. Ndichazviita,” Akadaro. Kwete zvekungofungidzirawo pamusoro paZvo. “Ndichadaro. Vose vanouya; uye ndinopa Hupenyu Husingaperi.” Anofanira kumuka, nokuti ane Hupenyu Husingaperi. Anofanira kuuya. Haagoni kufa saMwari vasingagoni kufa.

<sup>57</sup> Oo, shamwari dzangu dzinodikanwa dzemunyika ino nemuguta rino diki, dai ndaigona chete, nezwi ranguru remunhu, kuisa mumwoyo menyu kukosha kwekugamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, chingava chizaruro chinoshamisa kwazo chawakambova nacho muhupenyu hwako. Kutu uone kuti. . . Unofanira kuvziita.

Regai ndizvijekese izvozvo, nezvazvo kuti, “Hauna kutendeuka.”

<sup>58</sup> Petro akanga aponeswa. Aitenda munaShe, akaVatevera. Jesu akamuudza kuti aive ani, akaita kuti aMutevera. Akamupa



simba rekurwisa mweya yakaipa ndokumuchenesa. Asi mushure mezvose izvozvo, uye akatova mutauri mukuru weboka; sezingada kudanwa nemaKatorike kuti, “mubhishopi wechechi, kana kuti papa,” kana chero zvazvaiva, mukuru wechechi; asi Jesu akati, nehusiku hwokutengeswa kwaKe, “UnoNdida here, Petro?”

Uye akati, “Ishe, Munoziva kuti ndinoKudai.”

Akati, “Ipa makwai Angu zvokudya.” Akataura kudaro katatu.

Petro ndokuti, “Munoziva kuti ndinoKudai, kusvikira ndichaenda neMi kuma—magumo, uye ndichaenda neMi kurufu,” nezvimwe zvakadaro.

<sup>59</sup> Akati, “Jongwe risati rakukuridza katatu, iwe ucha... jongwe risati rakukuridza, uchange waNdiramba katatu.” Akati, “Asi, Petro, Ndakunamatira.” Teererai. Handizvo zvoga izvozvo. “Ndakunamatira. Uye kana uchinge watendeuka, ipapo simbisa hama dzako.”

“Kana uchinge watendeuka.” Akanga adanidzira. Zvichida akanga ambotamba muMweya. Iye, akanga aita mhando dzose dzezvinhu, asi akanga asati agamuchira Mweya Mutsvene nazvino. “Kana uchinge watendeuka, ipapo simbisa hama dzako,” ichokwadi, “ita hurongwa hwaKe.”

<sup>60</sup> Zvino regai ndipedze kuverenga Johane 14:12. Zvino muchitsauko 14 ndima 12, Jesu akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, uyo anotenda...” Uye haugoni kutenda... “Anotenda kwaNdiri.” Unogona kutenda *kwa*Ari. Vangani vanozvinzwisisa? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>61</sup> Munorangarira, muna Mabasa 19. Ndinovenga kumisa izvi pano, asi ndinongofanira kuzvitaure sekuuya kwazvinoita kwandiri. Muna Mabasa chitsauko 19, apo muparidzi weBaptisti uyu, aive gwe—gweta uye akatendeuka, zvino akanga achiparidza nokuita kuti vanhu vaponeswe. Zvino vaive nemufaro mukuru, vachingofara nekudanidzira, vachiva nemusangano. Mabasa 18, Akwira naPrisira, takataura nezvazvo manheru apfuura, uye vakanga vaenda kunomuona. Uye vaiziva kuti akanga ari munhu mukuru, uye akanga ari mudzidzi. Uye akanga achiratidza pachena neBhaibheri kuti Jesu akanga ari Mwanakomana waMwari, achingoziva rubhabhatidzo rwaJohane chete. Akanga asati aziva rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Saka akati... .

Akwira naPrisira, murume uye nomudzimai, vagadziri vematende vaduku; zvinovawo, Pauro akanga ari mugadziri wematende, zvakare. Uye vakanga vagamuchira Mweya Mutsvene pasi pedzidziso yaPauro. Vakati, “Tine hama diki iri kuuya kuno. Regai agotaura nesu zvisihoma nezvazvo.”

Zvino Pauro paakauya uye akamunzwa achiparidza, akaziva kuti akanga ari munhu mukuru, akati, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvamakatenda?”

Ivo ndokuti, “Hatizive kana...kana kuine Mweya Mutsvene.”

Akati, “Saka nenzira ipi,” kana kuti shoko chairo rechiGiriki riripo, “makabhabhatidzwa sei?”

Vakati, “Takatobhabhatidzwa kare naJohane Mubhabhatidzi.”

<sup>62</sup> Zvino tarisai zvakataurwa naPauro. Pauro akataura, kuti, “Johane zvirokwazvo wakabhabhatidzira kutendeuka; kwete kukanganwirwa kwezvivi, asi kuti vatendeuke, vachiti ndizvo zvamakatenda.”

Kana ukagamuchira Kristu seMuponesi wako, unenge uchitenda *mukuzobhabhatidzwa* neMweya Mutsvene. Handirwo rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, hama dzangu dzinodikanwa dzeBaptisti. Handizvo.

Imwe hama yakati kwandiri rimwe zuva, yakati, “Hama Branham,” kana imwe nguva yapfuura, mwedzi yapfuura, vakati, “Hama Branham, Abrahama akatenda Mwari, uye zvikaverengerwa kwaari sekururama.”

Ndikati, “Chokwadi.”

Vakati, “Chii chimwe chingaitwa nemunhu kunze kwekutenda?”

<sup>63</sup> Ndakati, “Ndizvo zvoga zvingaitwa nemunhu. Ndizvo zvoga zvaanogona kuita nhasi, kutenda Mwari. Asi Mwari vakamupa chisimbiso chokudzingiswa,” zvatakapfuura nemazviri manheru apfuura, “sechiratidzo chokuti Vakanga vagamuchira kutenda kwake maVari.” Uye, nhasi, kusvikira Mwari. . .

Unotenda kwaAri paunoMugamuchira seMuponesi wako. Asi kana Mwari vakupa chisimbiso cheMweya Mutsvene, Vakusimbisa kusvika waenda kumagumo ako eKusingaperi. Zvino imi maBaptisti torai izvozvo, uye ndinozoenda nemi pakuchengetedzwa Nokusingaperi. Hongu, changamire. Nokuti, “Musachedza Mweya Mutsvene waMwari, uyo wamakasimbiswa nawo kusvika pazuva rokudzikinurwa kwenyu.” Hauna kusimbiswa nekutenda *kusvikira*, asi wakasimbiswa neMweya Mutsvene. VaEfeso 4:30, “Musachedza Mweya Mutsvene waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.” Unokusimbisa, kana wawanirwa nyasha naMwari, uye Vanokusimbisa neMweya Mutsvene.

Ndizvozvo, nokuti Bhaibheri rakati, “Hapana munhu anogona kudaidza Jesu kuti Kristu, kunze kwekubudikidza neMweya Mutsvene.”

<sup>64</sup> Unoti, “Ndinozvitenda nokuti mufundisi vakadaro.” Vari raiti pakudaro, asi iwe hauverengerwe ipapo. “Ndinozvitenda nokuti Shoko rinodaro.” Ndizvozvo, asi hazvisi zvako, iwe hauverengerwe pazviri.

Nzira chete yaungataura nayo kuti Jesu ndiye Kristu, ndipo apo Mweya Mutsvene wauya mauri wopupura, uye woZvipupurira kuti, “Ndiye Mwanakomana waMwari.” Ndiyo chete nzira yaunoziva nayo rumuko, apo kana Mweya Mutsvene uri kupupurira. “Kana iYe Mweya Mutsvene auya, Achapupura nezvaNgu, okuratidzai zvinhu zvichauya; kuunza zvinhu izvi, zvandakataura, kundangariro dzenyu.” Hamuzombozviwana muchikoro. Maona? Achaunza zvinhu izvi kundangariro dzenyu.

<sup>65</sup> Zvino tinoda kuverenga mberi zvishoma muGwaro iri zvino, Mutsvene Johane 14:12.

*Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,  
Uyo anotenda kwandiri, mabasa andinoita naiye  
achaitawo; uye makuru. . .*

Inova, dudziro chaiyo iripo ndeyekuti “mazhinji,” kana muchida kuzvitarisa.

*. . . achaita mabasa makuru kudarika aya; nokuti  
ndinoenda kuna Baba.*

<sup>66</sup> Kana akaenda kuna Baba, Mweya Mutsvene waizouya. Ndizvo here? Rimwe Gwaro rakati, “Kana Ndikasaenda, Munyaradzi haangauyi. Asi kana Ndikaenda, Ndichauyazve ndigova nemi, kunyange mamuri.” Munoono, ndiMwari anemi. Vari pamusoro penyu, kutanga; vanemi, vari muna Kristu; vari mamuri, muMweya Mutsvene. NdiMwari vari mamuri.

<sup>67</sup> Zvino, “Mabasa aNdinoita nemi muchaaitawo zvakare,” kwete rimwewo basa. Asi Mwari vanoda kuunza Mweya Mutsvene, mauri, kuti upfuurire mberi nebasa rimwe chete raVakanga vachiita vari muna Kristu.

Basa rakanga risina kunyanya kuwanda mumazuva aLuther. Ndiyo yaive Chechi yaMwari. Rakanga risiri. . . Rakanoti wandei mumazuva aWesley.

Nokuti, “Nyika,” Bhaibheri rakati, “vaizowedzera kupera simba, nekuwedzera kuchenjera, uye nekuwedzera kuipa nguva dzose.” Tiri. . . Nyika iri kuramba ichiwedzera kuipa dzose. . . Tinozviziva. Handiti, vanhu vanoita zvinhu nhasi izvo, makore 100 akapfuura waisambofunga kuti paizove nemunhu ane hutsinye hwakadaro. “Vachiwedzera kuipa nguva dzose, uye vakaipa vachawedzera kuipa, nguva dzose,” Gwaro rakadaro, “vachiwedzera nekuwedzera.”

<sup>68</sup> Saka, Mweya Mutsvene wanga uchifamba. Paingova nekufema kwaWo kushoma naLuther; kufuridzira kwaWo kushoma naWesley; nekufuridzira kwaWo kwakati dzamei nePentekosti; zvino kufema neiwo Mweya wacho zvava

chimwe. Iri kubatana pamwe chete, ichiunza kufuridza ikoko kumwe chete kune simba kweMweya Mutsvene sezvaWakaita kumashure ikoko, iri kuratidza mabasa mamwe chete aAkaita kumashure uko, ari kuratidzwa nhasi uno, chinhu chimwe chete.

<sup>69</sup> Tarisai zvakataurwa naJesu: “Zvirokwazvo, zvirokwazvo Ndinoti kwamuri, Mwanakomana haangagoni kuita chinhu kunze kwokunge Aona Baba vachichiita kutanga. Izvo Baba vanoita, Vanoratidza Mwanakomana. Baba vanogara maNdiri; ndiVo vanoita mabasa.” Maona?

<sup>70</sup> Zvino cherechedzai, hechino chimwe chinhu chandinoda kutaura ipo pano. “Sezvo,” Jesu akati, “Sezvo Baba vakaNdituma. Sezvo,” zvino tarirai, “sezvo Baba vakaNdituma, saizvozvo iNi ndinokutumai.” “Sezvo Baba...” Baba vakaMutuma sei? Baba, vakaMutuma, vakaburuka kubva Kudenga vakagara maAri.

Akafambira mberi. Akati, “Ndinogara ndichiita izvo zvinofadza Baba vaNgu.” Maona? Aifamba achiita zvinhu zvaAiratidzwa naBaba kuti aite. “Hapana chaNdinoita kunze kwekunge Baba vaNgu vaNdiratidza kutanga.” Mwari vakaMutuma, vaive mukati maKe. “Uye sezvo Baba vakaNdituma, nenzira imwe chete yaNdakatumba nayo naBaba, saizvozwowo Ndinokutumai.” Chii ichochi? Mwari vari mauri, vachienderera mberi (nechii?) mabasa mamwe chete, mamwe chete.

Jesu akati, “Izvo... uyo *anotenda*, uyo aneNi mukati make, Mweya Mutsvene; uyo *anotenda*, akatopupurira rumuko rwaNgu, anoziva kuti Ndiri maari. Uyo ari maNdiri; kana muchigara maNdiri, Mashoko aNgu anogara mamuri.”

<sup>71</sup> Zvino unoti, “Ndinogara muna Jesu; asi chokwadi handitendi mukupodza kwaMwari.” Zvinoratidza kuti haAmo.

<sup>72</sup> “Ndinotenda muna Jesu; handitendi muMweya Mutsvene muzuva rino, kwete sekuva naWo kwavakaita kumashure uko.” Zvinoratidza kuti haAmo imomo.

<sup>73</sup> Mweya Mutsvene uchapupurira Shoko rose raWakataura. Haasi murevi wenhema. Haatyi munhu kana sangano. Haana waanonyengerera. Anotaura, zvadaro Anogara nazvo.

Kana vepamusoro, nevakasvibiswa, nevakadzidza, kana sezvatingati, shoroma, kana dzisingade kuUgamuchira, “Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahamu vana.” Vachatora mharadzi, nevemashabhini, nezvimwewo zvose, vovasimudzira. Mwari vanogona kuzviita, uye Vari kuzviita. “Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahamu vana.” Mumwe munhu achazviita, nokuti ndiMwari.

<sup>74</sup> “Kana mukagara maNdiri, neMashoko aNgu ari mamuri, kumbirai chamunoda,” nokuti uri kukumbira Shoko raVo, uye Shoko raVo Hupenyu. Ritaure. Kana Mwari vakazvitaure, uye

uine chokwadi kuti Vakazviture, Mweya Mutsvene unopupura kuti Shoko iroro nderechokwadi, zvino, hezvoka izvo, hama. Ritaure; heroka iro. “Iti kugomo iri, ‘Suduruka,’ usapokana mumoyo mako, asi tenda kuti zvawatura zvichaitika.” Hausi iwe unotaura, asi Baba vanogara mauri; ndiVo vanotaura. Hausi iwe unotaura negomo iroro, ndiBaba vari mauri, vari kutaura kugomo iroro. Rinofanira kusuduruka. “Matenga ose nyenika zvichapfuura,” Akadaro, “asi Mweya waNgu haungapfuuri, kana kuti, Shoko raNgu haringapfuuri.” Zvirokwazvo, haRingambopfuuri. Baba!

<sup>75</sup> Zvino, “Mabasa aNdinoita.” Mwari vari muChechi yaVo, kuti vaenderere mberi nemabasa aVo. Ndosaka Vakatumira Mweya Mutsvene. Zvino, Vaizviziva. Ivo, Vaiziva kuti hazvaizova, hazvaigona kuitwa nenzira iyoyo, saka neimwe nzira, saka Vakazotumira. Baba vakatuma Mwanakomana, vakaisa zvese zviru mu-...Mwanakomana ari mauri. Uye mabasa mamwe chete aAkaita, mabasa mamwe chete chaiwo zvino akaitwa naJesu, muchaaaitawo zvakare, Chechi.

Hamungade kuita mabasa aMwari here? Jesu akati, “Kana muchida kuita mabasa aMwari, tendai kwaNdiri.” Unotenda sei kwaAri? Haukwani kuzviita kusvikira wawana Mweya Mutsvene.

<sup>76</sup> Nokuti, hapana munhu angati ndiYe Mwanakomana waMwari; uri kutaura zvakaturawo nemumwe munhu. “Bhaibheri rakati ndiYe Mwanakomana waMwari; ndinotenda Bhaibheri.” Zvakanaka. “Bhaibheri rinoti ndiYe Mwanakomana waMwari; ndinotenda Bhaibheri. Mufundisi vanoti ndiYe Mwanakomana waMwari; ndinotenda mufundisi. Amai vanoti ndiYe Mwanakomana waMwari; ndinotenda amai. Shamwari yangu inoti ndiYe Mwanakomana waMwari; ndinotenda shamwari yangu.”

Asi nzira chete yandinogona kutaura nayo kuti ndiYe Mwanakomana waMwari, ndeapo Mweya Mutsvene paunenge wauya wopupura nezvaKe, zvino ndochiziva kuti ndiYe Mwanakomana waMwari. “Hapana munhu anogona kudaidza Jesu kuti, ‘Kristu,’ kunze kwekuburikidza neMweya Mutsvene.” Ipapo!

<sup>77</sup> Hakuna munhu anotaura neMweya waMwari anoti Jesu akatukwa, kana anoti Aiva chimwe chinhu rimwe zuva uye chimwewo chinhu nhasi. ZvinoMuita kuti ave dera nekuba ndonda. Kwete, changamire.

Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Mweya wese wechokwadi unopupura kudaro. Zvakanaka.

<sup>78</sup> Zvino, Akati, “Mabasa aya aNdinoita nemi muchaaaitawo,” Johane 14:12, zvino, mabasa mamwe chete.

“Oo,” vanoti, “kereke inoita basa guru nhasi.” Nenzira ipi?

Akati, “Mabasa aNdinoita.”

“Izvozvo,” vanoti, “manjeka, tine mamishinari pasi rose, ndiro basa rakakura zvakadarika.”

<sup>79</sup> Asi Akati, “Mabasa aNdinoita.” Zvino aitei, aitei kutanga, mozotaura nezvemamishinari.

<sup>80</sup> Nhasi, ndichitaura pano imwe nguva yapfuura nezvemuMohamedhi, akati, “Mohammed akafa.”

“Ndizvozvo, ari muguva, asi rimwe zuva achamuka.” Akati, “Kana akamuka kubva muguva, nyika yese inozviziva mumaawa 24.” Akati, “Imi vanhu munoti pava nemakore 2,000 Jesu amutswa, uye hapasvike chikamu chimwe kubva muzvitatu chevanhu chinozviziva nazvino.”

Imhaka yekuti makataura nemaonero ezivo yenjere pazviri. Makataura nemaonero echikoro kana kuti dzidzo.

Dai chechi yose, huru iyi yaMwari, tichiverengera maKatorike, maProtetanti, vose pamwe chete, vakange vagamuchira Mweya Mutsvene, nyika ino yaizenge iri muChikristu chakasimba; hapaizova nechinhu chakadai secommunism; hapaizova nechinhu chakadai sokukakavara, kana kuvengana, kana hutsinye, kana ruvengo. Jesu aizenge agere paChigaro chaKe chehumambo, uye tingadai tichifamba nemumaparadhiso aMwari, tiine Hupenyu Husingaperi, tichirama nokusingaperi; takatomutswa kare mumutumbi mutsva, tichifambafamba, tisingazombochemberi, tisingazombochena musoro, tisingazomborwara, tisingazombove nenzara; tichifamba mumufaro waShe, tichitaura nemhuka. Uye, oo, izuva rakadini! Asi takaita zvimwe zvese kunze kwezvo iYe . . .

<sup>81</sup> Akati, “Endai munyika yose muparidze Evhangeri.” Evhangeri inoita sei? “Kwete Shoko chete, asi kubudikidza neSimba nezviratidzo zveMweya Mutsvene.” Kuita kuti Shoko raMwari riratidzwe, ndiro Vhangeri.

<sup>82</sup> Haugone kuzviita. Zvino, Jesu aizviziva, kuti Aifanira kugara muChechi yaKe.

Nokudaro, Aiziva kuti taizova nezvikoro zvenjere. Uye haufe wakawana Izvi muchikoro chenjere. Vachange vachipesana naZvo. Nekuti, chavanoziva chete idzidzo yemumwe murume akatesva njere, chimwe chitendwa kana sanganano zvanoda ku—kurarama nazvo. Saka vacha—vachakugadza mune izvozvo vokuita nhengo yemutumbi iwoyo, uye, hama, votauro zvimwe zvinhu kwauri zvinobva muchitendwa zvingaita sokunge zvakanatsokwana. “Chechi tsvene huru, yakatanga yacho, yakamira pakutambudzwa kwakawanda, yakamira pakurohwa kuzhinji.” Ndizvo zvakaaitawo dhiyabhore; akadzingwa kwese—kwese uko, potse—potse, uye achiri kuenderera mberi zvimwe chetezvo. Hongu, changamire. Oo, vanoedza kutaura izvi.

<sup>83</sup> Saka Jesu akaziva kuti paizova nekufamba kukuru kwesimba renjere sezvaiveko mumazuva aKe, mune zvekusuka mapoto nemapani, nokupfekwa kwenhumbi, nemakora akapindurudzwa, nezvose sezvavakaita, zvinhu zvose izvi zvakasiyana-siyana zvavaizoita. Aiziva kuti vaizoita izvozvo, saka Akati, “Zvino chimbomirai zvishoma. Handisi kuzokusiyai musina nyaradzo, Ndiri kuuya zvakare kuti ndizova nemi. Naizvozvo,” Akati, “mabasa aNdinoita, nemiwo muchaaaita.”

<sup>84</sup> Chinangwa chekutumira Mweya Mutsvene chaive chekuti Mwari vaenderere mberi nemuboka revanhu, kuti varambe vachiratidza Mwari panyika. Ndizvozvo chaizvo. Kweke nechitendwa, kweke nesangano, asi neSimba rerumuko rwaKe, nekuita kuti Shoko raKe rive remazvirokwazvo; nekutora vimbiso yaKe, nokumira kudivi revashoma, nokutenda Mwari; zvino chionai matenga matema achidududza, neSimba raMwari richipinda panzvimbo yawo. Amen. Ndizvo zvaVanoda. Ndizvo zvakatumirwa Mweya Mutsvene. Ndicho chinangwa chaVakaUtumira. Tinoziva zvaUri zvino, uye ndokusaka VakaUtumira.

<sup>85</sup> Naizvozvo, hapana rimwezve ropa raizochenesa vanhu. Handaikwanisa kukuchenesa, newewo hawaikwanisa kundichenesa, nekuti tose takazvarwa nekusangana kwepabonde. Asi Jesu akaberekwa pasina kusangana pabonde, ndizvozvo, saka Ropa raKe ndiro raichenesa. Zvino Mwari vakaburuka, ndokugadzira mutumbi, vakagara mauri, vakadeura Ropa iroro kuitira kucheneswa kweizvi, rakanyatsobvisa zvachose mhosva yechivi nekunyadziswa. Zvino, kubudikidza nekutenda, kutenda maZviri, Mwari vanodzika chaiko vachipinda mumutumbi wemunhu, nokuchenesa kweRopa iroro, romuita Mbeu yaAbrahama, nekutenda.

<sup>86</sup> Kutenda kuti Ropa iroro raizouya, Ropa iroro rakachena raizove chishamiso seropa rake, akafamba achienda ikoko mushure mekunge “aive akaita sowakafa.” Akatenda Mwari kwemakore 25, iye aine makore 75 ekuberekwa, uye akatenda kusvika ave ne 100. Uye Sara, aine 65, zvino akatenda kusvika ava nemakore 90. “Zvino akanga akaita sowakafa.”

Zvino Mwari vakati, “Kuitira kuti vanhu vasazvipotsa chaizvo, mukwidzei kuno kumusoro kwechikomo womupira sechibairo.”

<sup>87</sup> Akati kuvaranda, “Imi mirai pano nenyurusi uye mumirire. Mwanakomana neni tichaenda kumusoro kundonamata, uye mwanakomana neni tichadzoka.” Oo, ari kuzoviita sei?

Abrahama akati, “Ndakamugamuchira seuyo akabva kuvakafa. Uye ndinoziva kuti iYe akamupa kwandiri, seuyo akabva kuvakafa, anokwanisa kumumutsa kubva kuvakafa kana ndikangochengeta Shoko raKe chete. Kuchengeta,

ndikachengeta Shoko raKe; Anokwanisa kumumutsa kubva kuvakafa.”

<sup>88</sup> Zvichinyatsotaura zvakakwana nezvaKristu! Heuno! Uyu. Uye kubudikidza nechizenga cheRopa ichocho kwakauya Mweya Mutsvene, wakanga wakaZvizadza mumutumbi wainzi Jesu. Ropa iroro rakachenesa nzira, nokutenda, kudaidza vakadzikinurwa, kana kuti Vasanangurwa vaMwari. Uye kana waRigamuchira, uye Mweya Mutsvene wabvisa huipi hwose mauri, Vanopinda mukati chaimo, Mwari pachaVo, kuti vaite kuda kwaVo.

<sup>89</sup> Zasi uku, mukuru uya akaipa ane ukasha; uye mumwe *nhingi-nhingi* wakare ari neche apa ari kuita *zvakati-zvikati*; nemuchinda wekare *uyu* ari kutaura pamusoro paVo, achipesana naVo. Munhu akazadzwa neMweya Mutsvene achamira chaiko pamberi pazvo. Amen.

<sup>90</sup> “Uye vakazvicherechedza. Vakanga vasingazive uye vasina kudzidza, asi vakazvicherechedza kuti vakambenge vaina Jesu.” Ndizvo zvakauiyirwa Mweya Mutsvene.

<sup>91</sup> Mumwe muredzi mudiki wakare akanga asingakwanisi kusaina zita rake. Asi akamira ipapo akati, “Ndiani watingatenda, munhu kana Mwari?” Amen. “Ngazvizivikanwe kwamuri, ticharamba tichiparidza muZita raJesu.” Ini zvangu, kushinga kwakadini! Aiziva kuti iye—iye aive neMusha mhiri ikoko. Ndizvozvo. Akanga ari mufambi nemutorwa pano. Aitsvaga Guta raizouya.

Muprisita munyengeri iyeye airevei kwaari? Aive pasi pehutongi hwaMwari veKudenga, vakamutsa Mwanakomana waVo, Kristu Jesu, uye vakamuzadza neMweya waMwari vakasika matenga nenyika. Hezvoka izvo. Akanga asingamutyi. Kwete, changamire. Rufu. . .

<sup>92</sup> Handiti, pavaatora mutana Stefano mudiki kunze uko, ndokuti, “Ramba zvawataura!”

Akati, “Imi vane mitsipa mikukutu, uye vasina kudzingiswa mumoyo nenzeve, munogara muchipikisa Mweya Mutsvene. Sezvakaita madzibaba enyu, nemiwo munoita saizvozvo.”

Vakati, “Tichakurova kusvika wafa!”

Akati, “Hamugone kuita izvozvo kana imi. . .”

“Tichakuratidza kuti tichazviita here kana kuti kwete!” Vakabva vanhonga mazitombo makuru ndokutanga kumutema mumusoro.

<sup>93</sup> Akatarisa mudenga, akati, “Ndinoona Matenga achizaruka. Ndinoona manera achidzika. Ndinoona Jesu akamira kuruoko rwerudyi rweHusha hwaKe.” Zvino Bhaibheri harina kuti akafa; akakotsira. Oo, ini zvangu! Ndiri kutongoona Ngirozi ichidzika, ichimutakura nekumurezva semwana mucheche, amai, kusvika arara. Oo, ini zvangu! Chokwadi.



<sup>94</sup> Ndicho chinangwa cheMweya Mutsvene. Ndizvo zvakatimirwa Mweya Mutsvene naMwari. Mweya Mutsvene wakauya kuzokupa Simba. Ndine mamwezve Magwaro pano, mirai zvishoma. Mweya Mutsvene wakauya kuzokupa Simba. Ini—ini handisi...Unogona kuwana izvi; ndingori kure zvakananyanya, manheru ano.

Kukupapa Simba, Simba rokunamata!

<sup>95</sup> Tora munhu akararama hupenyu hwakanaka, asi anogara achikundwa. “Oo, ndinokuudzai...” Munhu akanaka, “Oo, chokwadi, ndinoda Ishe, Hama Branham.” Anogara achikundwa, havana kana munamato mumwe unopindirwa.

Zadzai mudzimai mudiki iyeye neMweya Mutsvene imwe nguva, tarisai zvinoitika. Paanoenda pamberi paMwari, haakundwi. Anouya akashinga kuChigaro chaMwari cheushe, achitenda. Ane kodzero nokuti mwanasikana waMwari, neKuzvarwa.

Tora murume mudiki uya, ane humbwende, mukuru webasa achimukavira kwese-kwese. Anoti, “Chimbomirai zvishoma pano zvino.” Chimwe chinhu chakashanduka, munoona, ane Mweya Mutsvene. Unokupa Simba. Hupenyu hwako huzere neSimba.

Unokupa Simba pakutaura.

<sup>96</sup> Handiti, ini zvangu, vanhu vaya vaitya, vakamira kunze uko; Petro, Jakobho, Johane, Ruka, nevamwe vose. Vakanga vatopinda mukamuri yepamusoro, vachiti, “Oo, hapana zvimwezve zvatingataura. Ivo, tarisai uko, havo Chiremba *Nhingi-nhingi* nevamwe kunze uko. Havo Rabbi *Nhingi-nhingi* nevamwe. Munoziva, vakaita madhigirii 4 kukoreji; tingavapikisa chirudzii?” Petro akati, “Oo, ndinorangarira ndichitengesera murume uyo hove rimwe zuva. Iye, akataura, uye ini handina kutomboziva kuti aitaure nezvei. Oo, handingambokwanisa kumisidzana naye.” Asi chii chaka...

“Toita sei, hama?”

“Akati, ‘Mirirai.’”

“Asika, tatove pano mazuva 4.”

“Ingorambai makamirira.”

“Kusvika riinhi?”

“Kusvikira.”

“Zvino, Akataura kuti zvaizova nezuva rechi 5 here?”

“Haana kumbotaura kuti nguva yakareba zvakadini. Akati, ‘Kusvikira.’”

Zvino, vakaramba vakamirira. Kwenguva yakareba zvakadii? “Kusvikira.” Mazuva 8 akapfuura. “Kusvikira.” Mazuva 9 akapfuura. “Kusvikira.”

*Zvino pakupedzisira zuva rePentekosti rakati rasvika, vose vakanga vari panzvimbo imwe chete, vari muhumwe.*

<sup>97</sup> Mwari vakambenge vari pamusoro pavo, muGore romoto; Mwari vakanga vafamba navo, panyika; zvino chimwe chinhu chakanga chave kuzoitika. Pane chiri kuda kuitika.

*...vose vakanga vari panzvimbo imwe chete, muhumwe.*

*Zvino pakarepo kwakabva kutinhira kudenga so... sokwemhepo inovhuhuta nesimba, uye kukazadza kamuri yose mavakanga vagere.*

*...ndimi dzakaparadzana... dzikagara pamusoro... pavo.*

*Kuparadzana chii? “Kupatsanuka.” Sokukakama, makambonzwa munhu achikakama here? Vanoti, “uh-uh-uh, oo, uh-uh,” munoona, hapana chavanogona kutaura. “Kuparadzana, dzakapatsanuka.” Sehwanda rakaparadzana, zvinoreva chimwe chinhu chaka “tsemuka, chakaparadzani swa.” Vakanga vasingatauri. Vakanga vasingawawati. Hapana chavaiita kunze kwekungoita ruzha.*

*...ndimi dzakaparadzana dzakagara pamusoro pavo, sokunge waive moto. (Oo, vaisagona kuzvibata!)*

*Zvino vose vakazadzwa neMweya Mutsvene... (Fiyuu!)*

<sup>98</sup> Zvino chii chakaitika? Havo hutu mumigwagwa ndokuenda. “Varipi Rabhi Jones vaya? Muchinda uya ari kupi? Uye hofori yenjere iya iripi?”

“Mwari vakanga vari pamusoro pedu, naMosesi, mugwenzi raipfuta; Vakatidyisa mana, yekuMusoro. Vakafamba nesu kwemakore 3 ne 6... makore 3 nemwedzi 6, pano panyika. Asi zvino Vari mandiri. Handisini ndinotaura; ndiVo. Ndinoziva kuti iVo ndiAni, uye ndinoziva kuti ndiri ani. Handisisipo; ndiVo varipo.”

*Uyai naye pano! Imi varume veIsraeri, ne... mi mugere muJudhea, ngazvizikanwe kwamuri—zvizikanwe kwamuri, uye muteerere inzwi rangu, imi vaparidzi mose naanarabhi.*

Fiyuu! Ini zvangu! Simba rekutaura! Oo! “Ava havana kudhakwa!” Achimiririra vashoma ivavo, 120, vachimisisdzana nevanhu 10,000 kana kudarika.

*...ava havana kudhakwa, sezvamunofunga imi, muchiona kuti ichiri nguva yechitatu yezuwa.*

*Ndiri muparidzi weVhangeri rakazara. Asi izvi ndizvo zviya zvakarehwa nomuporofita Joeri;*

...zvichaitika kuti *namazuva okupedzisira, Mwari* anotaura kudaro, *Ndichadurura...Mweya wangu* (fiyuu) *pamusoro penyama yose: uye venyu...Maona* Maria kunze uko achitamba muMweya, achitaura nendimi nekuenderera?...*pamusoro penyama yose:...*

...*napamusoro pavarandakadzi vangu* *Ndichadurura...Mweya wangu;...*

...Ndicharatidza zviratidzo kumatenga *kumusoro*, uye...nemunyika pasi;...shongwe dzemoto, nemhute dzohutsi:

Mwari vaive muvanhu vaVo zvino. Amen.

“Zvinoka, zvino, wakawana dhigirii ripi? Kupi, wakabva kuchikoro chipi iwe?”

<sup>99</sup> “Hazvina kana mutsauko wazvinoita iye zvino.” Oo, akatanga kudurura Magwaro.

(Dhavhidhi akafanoMuona!)...*Ishe pamberi pangu misi yose...handizungunutswi:*

...*naizvozvo mwoyo wangu wakafara, nekuti... norurimi rwangu rwakafadzwa;*

...*haangasiyi mweya wangu muhadhesi, kana kutendera Mutsvene wake kuti aone kuora.*

...*regai nditaure kwamuri ndakasununguka zvatateguru Dhavhidhi,...kuti vakafa vakavigwa, bwiro ravo riri pakati pedu...nhasi uno.*

Asi nomuporofita...akafanoona kuuya kwaiYe Akarurama.

...uye ngazvizivikanwe kwamuri, *Mwari* vakaita Jesu mumwe chete uyu, *Wamakarovera* pamuchinjikwa nemaoko ane utsinye, zvose *Ishe naKristu*. (Amen!)

<sup>100</sup> “Varume hama, chii chatingaita kuti tiponeswe?”

...akati, *Tendeukai*, mumwe nomumwe wenyu, uye abhabhatidzwe *nezita raJesu Kristu kuti muregererwe* zvivi zvenyu, uye muchagamuchira *chipikirwa choMweya Mutsvene*.

*Nokuti chipikirwa ndechenyu, navana venyu, navose vari kure, navose vachazombodanwa naIshe Mwari wedu*. (Amen.)

<sup>101</sup> Chero bedzi Mwari vaine vanhu, Mwari vane Chechi, Mwari vane Mweya Mutsvene unenge uchifamba naYo. Ndizvo zvakapiirwa Mweya Mutsvene naMwari. Vananyanjere vachasimuka; vagara vachidaro. Asi Mwari vane vashoma pane imwe nzvimbo. Mwari vane Chechi diki ichaenderera mberi nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ichitora Chiedza. Uye vachava ivo vokuti, kubudikidza nehuchapupu hwavo, vachazotonga nyika.

Bhaibheri haritaure here kuti Jesu akati, “Vakaropafadzwa vakachena pamoyo; vachaona Mwari”? Uye haRitaure here, kuti, “Vakarurama, vatsvene, vachatonga nyika”? Chokwadi.

Huchapupu hwako nhasi huchaunza kutongwa muguta rino. Huchapupu hwedu hwerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene neSimba raMwari, hupenyu hutsvene, huchaunza kutongwa kuguta. Kana izvi. . .

<sup>102</sup> “Avo vari vokutanga vachava vokupedzisira; avo vari vokupedzisira vachava vokutanga.” Hapana chandingazoziva pamusoro paSankey naMoody, murumuko rwavo. Hapana chavanozoziva nezvangu, mune rwuno. Asi ndichamira mune rwuno, kuti ndigopa huchapupu; kunyangwe newewo.

Uye kubudikidza naizvozvo, nekuparadzira Chiedza chako, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye nehupenyu hwawakararama, uye nezvinhu zvakaitwa naMwari kuratidza kuti Vari kufamba pano; uye nevananyanjere vavo, vakafamba vachibva paRiri; vachatongwa navatsvene. Vakatotongwa kare. Vakatokupfuura. Oo, ini zvangu!

<sup>103</sup> Ndaitaura pamusoro peSimba remunamato, Simba rekutaura, Simba rehupenyu hutsvene. Amen. Ndizvo zviri kuzoitwa neMweya Mutsvene.

<sup>104</sup> Vamwe venyu vanhu muri kufamba henyu, muchiti, “Asika, handitongogoni kurega kunwa. Handitongokwanise kusiya *izvi*.”

Mweya Mutsvene unouya kuzogara mauri, woita kuti zvese izvi *zvisingakwanisike* zvibve pauri. Ndizvozvo. Woita kuti madzimai arege kugera vhudzi ravo, wovaita kuti vasiye kupfeka zvikabudura nemidhebhe. Hapana pembedzo. Wovaita kuti vasiye kunyeya. Oo, hongu, ndizvo zvaWakapiirwa, kukuita hupenyu hutsvene. Uchatevera mirairo yeBhaibheri nguva dzese.

<sup>105</sup> Mukadzi anoti, “Kuri kutongopisa zvakananyanya; ndinotongofanira kupfeka izvi. Zvinonditemesa musoro kana ndikarega bvudzi rangu richikura.”

Asi hapana pembedzo neMweya Mutsvene. Uripo kuti zvive zvakadaro. Uchatevera Shoko sezvariri. Ndizvo zviri kuzoitwa neMweya Mutsvene.

Uri kuzoitwa kuti iwi murume utendeutse musoro wako kubva kuvakadzi avo vasina kusimira zvakanwana, uye worega kuvachiva, uye nenhengo dzechechi. Ndizvo zvaUnofanira kuita.

<sup>106</sup> Ndewekuti urege kuputa nekunwa, uye wova. . .kuda kuva wakakurumbira. Unobvisa izvozvo mauri. Unokuninipisa kana ukaita izvozvo. Ndiro basa reMweya Mutsvene. Ndere hupenyu hutsvene. Ndizvozvo. Unokuita kuti usiye kuita makuhwa. Unokuita kuti usiye kutamba makasa, kutamba njuga, nezvimwe zvinhu zvese izvi zvaunoita pachikona.

Unokuita kuti usiye kuenderera kwako kaitiro kauri kuita, kurarama zvisina kutendeka kumudzimai wako. Ndizvo

zvaUnoita. Ndizvozvo. Unokuita kuti urege kuda kuroora mukadzi wemunwewo munhu. Ndizvozvo chaizvo.

Ndizvo zvaUri. Unokuita kuti urarame hupenyu hutsvene. Ndiro zvakapiirwa Simba reMweya Mutsvene, “kuisa zvido zvako pazvinhu zviru Kumusoro,” uko Mwari vanomira pa...?...pfungwa yaKristu iri mauri. Hauna zvaungaite kuti usaone zvinhu izvozvo; paunozvitarisa, iwe tendeutsa musoro wako. Ndizvozvo chaizvo. Unokuita kudaro.

<sup>107</sup> Unoti, “Handikwanise kuzviita. Oo, handitongokwanise kuzviita.” Chokwadi, *iwe* haukwanise.

Asi Mweya Mutsvene wakauya nechinangwa ichocho. Ndizvo zvaWakaita. Wakauya kuzozvibvisa mauri, tsika dzose idzodzo dzekare nezvinhu zvauro kuita.

Kuchera vamwe kwekare kuya, uchizvipatsanura, uchiti, “Mwari ngavarumbidzwe, ndiri muMethodisti, handizovi nechokuita navo vaumburuki vatsvene ivavo.” Mweya Mutsvene wakauya kuzobvisa izvozvo mauri.

<sup>108</sup> “Ndiri muBaptisti. Ndiri muPresbyteriani. Handingaendi kuboka riya duku rekare revaumburuki vatsvene.” Mweya Mutsvene wakauya kuzobvisa kuomarara kwese ikoko kubva mauri. Ndizvo zvaWakaita. Unokusuka muRopa; wonyatsokuaina. Ndizvo zvaWakauya kuzoita.

Wakauya kuzokutwasanudza. Akati, “Kuzotwasanudza nzvimbo dzakanzvangama.” Ndizvo zvaWakauya kuzoita; kudzitwasanudza. “Kuderedza nzvimbo dzakakwirira; kuita kuti makomo ese ataridzike sekunge ari kutamba semakondohwe madiki, uye mashizha ose achiombera maoko awo, kwauri.” [Hama Branham vakaombera maoko avo—Mupepeti] Shiri dzinoimba zvakasiyana. Mabhero emufaro achirira. Hapana pembedzo. Ndizvo zvaWakauya kuzoita. Ndicho chinangwa chaMwari chekutuma Mweya Mutsvene, kuti iwe uite zvinhu izvi, kuti iwe ugofamba uchiVatevera.

<sup>109</sup> Zvino handisi kuda kukurwadzisa, asi ndakuudzai kuti ndiri pano nekuperera kwakadzamisa. Kutu ndirege kukudzimbai, apa neapo ndanga ndichizochirikira pane zvimwewo; asi ndichigara neChokwadi, asi ndichigara ipapo ndichizvita nenzira yekuti zvisakurwadzei zvakananyisa.

<sup>110</sup> Asi ndinoda kukuudzai chimwe chinhu. Kana Bhaibheri richiti zvakaipa kuti mukadzi agere vhudzi rake, zvino woti une Mweya Mutsvene wobva wagera vhudzi rako, hameno kana uinawo. Usashatirwa; kana zvikadaro, zvichiri kuratidza kuti pane chimwezve chakashata pauri.

<sup>111</sup> Kana Bhaibheri richiti zvakaipa kuti mukadzi apfeke nguwo yemunhurume, uye wopfeka mahovhorosi madiki aya nemidhebhe kunze kuno munzira, imi vakadzi vakuru! Ndinodaira kuti mwana mudiki angangove aka...chinhu,

kuti vatambe nevakomana vaduku nezvimwe. Asi, tarisai, kana imi—kana imi madzimai akura, 15, 16, 18, kusvika kuna mbuya, muri kunze uko munzira! Zvino Bhaibheri rakati, “Chinhu chinosemesa pamberi paMwari,” kuti mukadzi apfeke zvinhu izvozvo. Uye wozvipfeka, zvakadaro, zvino woti une Mweya Mutsvene? Handitozivi dzimwe nguva. Mweya Mutsvene unotevera Shoko raMwari sezvariri.

Uye muparidzi seri kwepurupiti, asina nyasha dzakakwana dzokuRiparidza, ndinopokana kuti anaWo. Ndizvozvo chaizvo! Zvinoka, ndiro basa reMweya Mutsvene.

<sup>112</sup> Unopa chizoro kumuparidzi. Unopa hutsvene kuboka. Unoisa Chechi muhurongwa. Unounza kubatana kweMweya. Unotibatanidza pamwe chete neSimba. Unotibatanidza pamwe chete nerudo, rudo rwehama.

Handina basa kana uri muMethodisti, muBaptisti, muPresbyteriani, muLutherani, chero zvauro, kana tose neMweya Mutsvene mumwe chete takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe, uye tikava nhengo dzeMutumbi waJesu Kristu, hapana...hapana chiripo, hapana chichauya; nzara, kuziya; hapana chingatiparadzanisa nerudo rwaMwari, rudo rwaKristu, “rudo rwaMwari rwuri muna Kristu,” nokuti takazvarwa neMweya waKe, tikashambwa muRopa raKe. Tiri chisikwa chitsva. Ndizvo Mwari vakauya kuzoita. Ndiro basa reMweya Mutsvene. Hongu, changamire. Ndizvo zvacho.

<sup>113</sup> Zvino, vanhu, nditarisei, pachiso. Maoko mazhinji asimudzwa, mune Mweya Mutsvene; munoono, chokwadi, anga aripo. Oo, zvino ndicha—ndichangoti chirikei zvisihoma pano apa. Izvi zviri kuiswa patepi. Asi tichawana zvakawanda nezvazvo mangwana manheru.

Kana uchiti unaWo, uye uine mhosva yeizvi, handizivi kuti chii chiri kukutungamirira. Mwari havambofa vakakutungamirira kubva paShoko. Vachakuchengeta neShoko, nokuti ndiyo mirairo yaMwari pachaVo, yeChechi yaVo, yevanhu vaVo, yemadzimai, neyevarume.

<sup>114</sup> “Zvino,” unoti, “hazvindirwadzi kuita *izvi* kana *izvo*.” Hazvidaro? Shoko rinoti zvinodaro.

Uye kana Mweya Mutsvene uri mauri, Unokutungamirira kuShoko chaiKo. Hapazova nepembedzo. Mwari havashandure kana kupa zvikonzero. Ivo vanoisa mutaro zvino iwe wotevedzera izvozvo. Ndizvo zvoga. Ndizvo zvazviri nemunhu wese. Unouya nenzira imwe chete.

<sup>115</sup> Petro akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu; mubhabhatidzwe, mumwe nemumwe wenyu, muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, zvadaro muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.” Maona? Ndizvozvo. Tinofanira kutevedzera izvozvo.

<sup>116</sup> Zvino handireve kukurwadzisai; ndinokudai zvakanyanyisa. Asi, hama, hanzvadzi, munocherechedza here, ne...kuti ndinoziva kuti ndinofanira kumira mumazuva ekupedzisira parumuko irworwo, nechizvarwa chino chevanhu, uye ndodavirira pamusoro peShoko iri? Zvino Mweya Mutsvene uchiratidza izvi, uye ini ndichiZviparidza kunze uko, ko uchamira papi? Ko uchazvinzvenga sei? Haugone kuzviita, shamwari. Usadaro. Zvino rega izvozvo. Chero zvauri kuita zvakaipa, zvirege.

Unoti, “Handikwanise.”

Saka hausati wawana Chinokugonesa mauri nazvino. Kana Mweya Mutsvene wauya, Unokupa Simba pamusoro penyika. Uye kana iwe... Teerera zvaAkataura. “Kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, imhaka yekuti rudo rwaMwari harwusi mauri.” Zvino, hapana pembedzo. Anozvijekesa, uye tinofanira kusvika pachiyero ichocho.

<sup>117</sup> Ndinoziva kuti munofunga kuti ndakashata. Asi ini ndakangonyatsozara zvino. Maona? Teerera. Ichokwadi. Zvino huyai kwaUri, hama, hanzvadzi.

<sup>118</sup> Musarega mamwe emakoreji enjere ari kuno akuudzei kuti, “Oo, zvinhu zvechinyakare zviya.”

Kana zviriri zvinhu zvechinyakare, saka Mwari ndevechinyakare. Uye kana Mwari vari vechinyakare, saka neniwo ndiri, zvakare. Amen. Ndinoda kufanana naVo. Sei? Mweya waVo uri mandiri, une nzara nenyota, uchidana zvose zvinopesana neShoko...

<sup>119</sup> Kana vanhu vakati, “Zvakanaka kuti, oo, kana munhu akatamba makasa madiki zvekunakidzwa hazvo, uye ongobheja nikeri rimwe kana 2. Zvakanaka.” Mwari vanoti hazvina kunaka.

<sup>120</sup> “Oo, kana ukangonwa zvokungotandarawo zvako, uye wongoti dhakwei zvisoma, pano neapo.”

Asi Mwari vakati, “Nhamo kwaari.”

<sup>121</sup> “Oo,” unoti, “zvakanaka, Hama Branham. Ndi—ndi—ndinogera bvudzi rangu nekuda kwechikonzero chaicho. Mudzimai, munoziva, mamwe madzimai ose ari kuzviita.” Handinei nekuti vamwe vakadzi vose vari kuita sei. Havasi muenzaniso wako kana kuti havasi mukuru wako wepabasa. Kana uine Mweya Mutsvene mauri, unozotevera mirairo yaVo zvisinei nekuti vanhu vanoti kudii pamusoro pako.

<sup>122</sup> “Asika, Hama Branham, kuri kupisa chaizvo, uye ndinotongofanira kupfeka tuhembe tudiki utwu *twakadai-twukadai*.” Gehena rinopisa kupfuura izvozvo, hanzvadzi inodikanwa. Regai ndikuudzei izvozvo. Uye—uye musadaro. Murangarire izvozvo.

<sup>123</sup> Uye Mweya Mutsvene unogara uchikutungamirira kuZvokwadi, uye Zvokwadi yaWo iShoko. “Shoko raNgu iZvokwadi. Shoko remunhu wega-wega ngarive renhema, asi raNgu ngarive rechokwadi.”

Zvino chimbofunga, “chinhu chinosemasa.” Ungafungawo here?

<sup>124</sup> Iri ishoko rakashata kwazvo kuti mushumiri ataure, asi ndakapinda muzvimbuzi zvenzvimbo kwazvaingoita... Waitozofamba uchidzokera kunze, potse-potse, zvakanga zvakango... Uye zvinhu zvine tsvina pamadziro. Ndakafunga kuti, “Vanhu vangasvika pakuderera kudai chirudzii chaizvo?” Uye gwema! Uye pandinofamba munzvimbo idzodzo, ndinogara ndichifunga kuti, “Igwema rakadii!” Ndinga... Imomo, ndaitobata mhuno yangu sezvizi, kuti ndigeze maoko angu. Ndaitotyapa kuti pandichabata chekuvhurisa gonhi, zvakare, panenge paine hutachiona kubva kuzvirwe zvehupombwe nezvimwe. Zvino ndakafunga, “Oo!”

<sup>125</sup> Rimwe zuva, ndakamira panhandare yendege, imwe yenzvimbo idzodzo dzandakapinda, kana nzvimbo yezvitima, ndakapinda imomo. Uye ndikafunga, “Oo, nhai veduwee.”

<sup>126</sup> Zvino chimwe Chinhu chakati kwandiri, “Ndiwo manhuwiro anoita nyika kuna Mwari. Chinhu chinosemasa.”

<sup>127</sup> Ndakafunga, pandinoona mukadzi achifamba achidzika nemugwagwa, naiye pachake achizvibata saizvozvo, uye akapfeka zvipeko zvemurume, ndiwo mataridzikiro azvinoita kuna Mwari. Chinhu chinosemasa, chimwe chinu chine tsvina uye chine gwema, pamberi paMwari. Zvakadaro, mukadzi iyeye anoenda kucheche neSvondo, uye akazvishongedza.

Mumwe murume achaenda zasi ikoko, ononwa, nekubiridzira, nekukara mari, obiridzira muvakidzani wake, nezvimwe zvose, kuti awane kamari kakati wedzerwei; nekuita zvinhu izvi, nekubheja, nekuputa, nekunwa, nekureva nhema; zvino woenda kucheche onopupura. Kusemesa! Tsvina! Ndiyo chechi yenjere.

<sup>128</sup> Oti, “Handiti, ndiri nhengo yechechi.” Hongu, nekutombobuditsa vanhu muchechi, maminetsi 15, kuti madhikoni ose nevamwe vose vambonoputa, nemufundisi, zvakare, musati madzokera kunoita zvechechi. Ndiudzeiwo! Zvipatsanurei kubva pachinhu chose chisina kuchena!

<sup>129</sup> “Svibisa mutumbi; Ndichauparadza.” Mwari vakati vaizozviita. Uye nhasi, pamusoro pekenza, iri kukonzera zvikamu 90 nezvinoraudzira kubva muzana zvendufu, dzekenza yepahuro neyemapapu, zvinokonzerwa nekuputa fodya. “Svibisa mutumbi; Ndichauparadza.” Asi vakanyatsonanga gehena, vachienderera saizvozvo, havazivi.



Uye mumwe muparidzi akamira papurupiti aine madhigirii 4, kubva kukoreji, achitoputa, pachake. Regai ndikuudzei chimwe chinhu, hama. Mweya Mutsvene wakatumwa kuzodaidza varume nevakadzi kubva muchinhu ichocho. Zvipatsanure iwe pachako!

Shoko rokuti *chechi* rinoreva kuti “kupatsanurwa.” “Budai pakati pavo,” rakadaro Bhaibheri. “Musabata zvisina kuchena zvavo, uye ini Ndichakugamuchirai; uye muchava vanakomana nevanasikana kwaNdiri, uye Ndichava Mwari kwamuri.” Oo, ini zvangu! Handireveri kuva ndakaomarara, asi ndinoreva kuva ndakatendeseka uye ndichitaura chokwadi. Hongu, changamire. Oo, chinhu chakaipa kwazvo!

<sup>130</sup> Varume nevakadzi, nhasi takamira papi? Tiri papi? Ngatimirei.

<sup>131</sup> Humwe husiku, pane chigaro chidiki imomo mukamuri, (uye ndinofanira kuvhara), chigaro chidiki chakare chinopetwa. Mushure mekunamata kwemazuva 3 kana 4, saka ndakasvika panzvimbo yokuti, ndichitenderera, ndichifunga, “O Mwari,” zvino ndakasvika panzvimbo yekuti ndakatadza kuziva zvekuita. Ndakati, “Mwari, tiri pamagumo enzira. Uye ndinocherechedza kuti ndakashaya hanya. Ndakava nekwandakadanirwa kuti ndiende, uye ndonge ndakaneta, ndorega kuzviita.” Ndakafunga zvino kuti ndaigona kuona Ishe vangu vachidzedzereka nemurima imomo, paVainge vakaneta zvakananyanya Vachitonetseka kusimudza tsoka imwe zvayo, asi Vakanga vasina kunyanya. . . Vakamirira mudzimai weNaini, ipapo kuitira mukomana akaunzwa kunze ikoko akanga afa; kusvikira Akwanisa kuenda akabata hwanyanza, uye oshandisa simba shoma raiva maAri kumutsa mukomana iyeye. “Zvino, ko ini ndakaneta sei? Dambudziko rangu nderei, Ishe? Apa ndinofunga, ‘Zvino, ndave kuchembera. Ini—ini handikwanise kuzviita.’”

<sup>132</sup> Hapoka paive naMosesi, Mwari mumwe chete wandinoshumira, akamira uko, ava nemakore 120 okuberekwa.

Hapoka paive naKarebhu, akamira ari pazera remakore 90, akabata munondo muruoko rwake, uye akati, “Joshua akaisa munondo uyu muruoko rwangu, makore 40 akapfuura.” Aiva nemakore 80 ipapo. Akati, “Ndichingori murume akasimba nhasi sezvandaive kareko.” Amen.

Ndakati, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi.”

<sup>133</sup> Ndakati, “Zvino, tarisai pano, ndinogara ndichi. . .” Zvino ndakabata mudzimai wangu (ari kumashure uko) neruoko, paBhaibheri iri neBhaibheri rake duku, ndokubva ndati, “Mudiwa, ndanga ndiine maonero asiriwo akanyanyisa. Mweya Mutsvene uri kundipomera mandiri.” Ndakati, “Ndinofunga nezvetsindi dziya kunze uko. Ndinofunga nezvaHattie Wright kumashure uko, nevakomana vadiki. Ndinofunga zvakaikwa

naMwari, vachiratidza kuti Vaiva Mwari, vaigona kusika.” Hareruya!

Ndakafunga, “Vakandiudza izvozvo, makore akapfuura kuti, ‘Handikusiye. Handifi ndakakuramba. Hakuna munhu achamira mberi kwako, mazuva ose ehupenyu hwako. Ndichava newe. Uye kubva muruwoko urwu rwekunzvera, uchashvika pakuziva chakavanzika chemoyo. Shure kwazvo, zvichakwirira nekukwirira.’ Gore rakatevera mushure mazvo, zvakarutidza kuva zvakakwana, pasi rose. Hapo ndokuuya iyi, imwe shumiro huru iyi, inopfuura iyi zvakanyanya.”

Ndakati, “Mudiwa, ndinotora ruoko rwako. Nerubatsiro rwaMwari nenyasha dzaMwari, ngandisambofa ndakave nemaonero asiri iwo zvakare. Ngandifambe ndichienda kurumutsiriro urwu pano ndoparidza zvandisati ndamboita. Ngandiende pano, kuti nditange ndazvinatsa, ndogadzirira vanhu nzira; kuti zvivi zvangu pachangu, kushaya hanya kwangu pachangu kuve pasi peRopa, kukanganisa kwangu pachangu kuve pasi peRopa, kuti ndibude ndichiti, ‘Nditeverei, vanhu.’” Ndizvozvo.

Ndinovenga kuona muchinda anoti, “Iwe enda unozviita.” Ndinofarira kuona mumwe munhu anotungamira nzira yekunozviita. Hongu, changamire.

<sup>134</sup> Kuno nguva shoma yakadarika, takamboita moto muguta muno, Kambani yePfau Oil yakabatira moto. Vaiva neJeffersonville Fire Department zasi ikoko. Zvino shamwari yangu, murume akanaka, asina kumbobvira ashanda nemoto wakakura kudaro, aifamba ipapo, achiti, “Mwayai tumvura necheapa, vakomana. Mwayai tumvura necheapa.”

Hapo ndokuuya Clarksville diki kumusoro ikoko, “ding, ding, ding, ding,” ichimhanyira ikoko. Iye ndokuti, mukuru wevanodzima moto akasvetuka, ndokuti, “Mwayai tumvura tushoma pasi apa. Pwanyai hwindo iri apa. Mwayai tumvura tushoma apo.”

<sup>135</sup> Asi kubva mhiri kwerwizi kwakauya vadzimi vemoto vakadzidziswa vanobva kuLouisville. Hochekeso huru iya nemanera zvichingomiswa mutungamiri wevanodzima moto akange atove kumusoro kwemanera. Pakamiskidzwa manera, iye akanga atove kumusoro. Akakanda demo rake asati asvika ikoko, ndokupwanya hwindo, ndokuti, “Chiuyai, vakomana!” Ndizvozvo. Moto wakadzima mumaminetsi mashoma.

Kwete kuti, “Mwayai tumvura tushoma apa. Mwayai tumvura tushoma apo.” Zvinokufungidza, vamwe vevaparidzi venjere ava.

<sup>136</sup> Huyai tiende! Handeyi! Ndinoziva kuti iChokwadi. Ndakaravira ndikaona. Girori! Mweya Mutsvene ndewechokwadi. Mwari vakanaka. Usayedza apa, woyedza apo; ngatifambei tichipinda maAri! Ari pano. Ndewako. Mwari

vakapa Simba raVo kuChechi yaVo. Kwete mwayai *utwu* apa, nekumwaya-mwaya; haufi wakaita chimwe chinhu. Enda pamberi! Ameni. Uh! Fiyuu! (Handichakwanisi kuona nawo zvachose.)

<sup>137</sup> Ameni! Tichaita sei? Munhu wese akagara pano akazadzwa nechimwe chinhu.

Zvino ndichavhara; ndinofanira kutodaro, mushure mazvo.

Wakazadzwa nechimwe chinhu. Haugone kugara ipapo usina kuzadzwa nechimwe chinhu. Une hupenyu mauri. Hupenyu ihwohwo hunokutonga, uye hupenyu ihwohwo hunotongwa nemweya.

Zvino, unogona kunge uzere nenyika, uchida nyika kana zvinhu zvenyika. Mwari vakunzwire tsitsi.

Unogona kunge uzere nezvitendwa zvekune imwe chechi, mimwe minamoto midiki yaunodeketera, unofunga kuti kunamata kune mumwe munhu akafa, kana—kana kuita chimwe chiratidzo pauri. Mwari vakunzwire tsitsi.

<sup>138</sup> Uye unogona kunge uzere nechinamoto, zvino zvakatonyanyisa kuipa. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Bhaibheri rakati, “Mumazuva ekupedzisira vachange vachinamata zvikuru, vaine mufananidzo wehumwari; vaine mufananidzo wehumwari, asi vachiramba Simba racho: mufuratire kune vakadaro.”

Kana uzere nechinamoto, wakasuwa; chinamoto chete, ndizvo zvoga. Kana uzere nezvitendwa, hauzive zvauri kutaura nezvazvo. Kana uzere nenyika, uri bofu.

<sup>139</sup> Uyezve, zvakare, unogona kunge uzere neMweya Mutsvene. Ameni. Ndinovimba kuti uzere nawo. Uye, kana usina, ndinovimba uchazadzwa. Uye kana wakazara neMweya Mutsvene, chii chaunacho? Une Simba. Une rudo. Une rugare. “Rugare rwaNgu Ndichapa kwamuri; Ndinokupai, kwete senyika.” Une rugare. Wakasimbiswa. Une chiratidzo. Ameni. Une zororo. Une mufaro usingatauriki, uye uzere nekubwinya. Wakasungirirwa pambambo. Oo, ini zvangu! Ndizvo zvauri, neMweya Mutsvene. Une... Kana wazadzwa neMweya Mutsvene, “Wabva murufu uchipinda muHupenyu,” wakamirira rumuko rwevanhu vose pazuva rekupedzisira.

<sup>140</sup> Munyika inouya, kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu, neavo vakaMuona achiuya mukubwinya nohutongi, “Gungwa richabuditsa vakafa varo.” “Miviri yakaoora yeavo vakarara maAri icha...”

“Vakarara maAri.” Unopinda sei maAri? “NeMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete.”

“Mitumbi inoora yeavo vakarara maAri ichashandurwa igofanana nomutumbi waKe pachaKe unobwinya, naiwo Anogona kuisa zvinhu zvose pasi paKe.”

“Ndakanzwa Inzwi richibva Kudenga,” akadaro Johane, “rakati kwandiri, ‘Nyora, “Vakaropafadzwa vakafa vanofira munaShe...”” Uchapinda sei? “NeMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa muMutumbi.” “...vanofira muna Ishe kubva zvino; nekuti vanozorora pakubata kwavo; uye mabasa avo anovatevera.”” Hum!

Ndizvo zvaAkatumira Mweya Mutsvene. Oo, chivimbo chakaropafadzwa, Jesu ndewangu! Ndiri maAri, naiYe ari mandiri; Baba vari maAri, naiYe ari muna Baba; naBaba vari mandiri, neni maVari.

...Jesu ndewangu!  
Oo, kufanoravira kwakadini kwekubwinya  
kwaMwari!  
Ndiri mugari wenhaka yeruponeso,  
ndakatengwa naMwari,  
Ndakazvarwa neMweya waKe, pandakasukwa  
muRopa raKe.

Ameni. Handingazvichinjanise. Oo, ini zvangu!

Marubhi ose nemadhaimani, nesirivheri  
nendarama,  
Homwe dzaVo dzemari dzakazara, Vane  
hupfumi husingatsanangurike.

Nokuti ndiri mwana waMambo!  
Ndiri mwana waMambo!  
NaJesu Muponesi wangu,  
Zvinondiita mwana waMambo!

<sup>141</sup> Amenii naameni. Handingazvichinjanise.  
Handingazvichinjanise. Ndine mamwe 2 kana 3 Magwa-...

Zvino, herino rimwe Gwaro. Kana—kana wazadzwa neMweya Mutsvene, ndizvo zvinhu zvaunazvo. Zvino uri chii, kunyika? Mutorwa. Ndinoziva kuti nguva yapera, asi haina kumbonyanyoperera izvi. Mutorwa! Oo!

Tiri vafambi uye tiri vatorwa pano,  
Tiri kutsvaga Guta rinouya,  
Chikepe chehupenyu chiri kuuya nenguva  
isipi,  
Kuzounganidza Mabwe aKe anokosha  
Kumusha.

<sup>142</sup> Ndiri kunzwa mvura ichipfachuka mhiriko kuOhio River, pandaive mukomana mudiki muparidzi, angangoita makore 22, ndichiimba irworwo ipapo. Zvino ndakanzwa, ndakatarira kumusoro kwemusoro wangu, ndikanzwa Inzwi, rakati, “Tarisa mudenga.” Hepano ndokuuya Chiedza chikuru chiya chakaremba ipapo, chichiuya chichifamba nepamusoro pangu, ndokuti, “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa

kuzotungamira Kuuya kwaKristu kwekutanga, uchava neMharidzo inofanotungamira Kuuya kwechipiri kwaKristu.”

Oo, ndaizozvitenda sei? Asi zvakangoitika zvakadaro. Uye manheru ano moto werumutsiro uri kubvira kwese-kwese nekutenderera pasi rose. Chechi huru yaMwari yakadzikinurwa yakaZvisimudza kubva munzvimbo iyoyo, nemisangano mikuru yekunamatira varwere, nezviratidzo, nezvishamiso, neminana, zvichiratidza Kuuya.

<sup>143</sup> Uri muyenzi, uye uri mutorwa. Unoita zvinhu zvisinganzwisisike, zvakasiyana nezvawaisimboita. Hauchaita sezvawaisimboita. Vanhu... Mweya Mutsvene, kana Wauya pauri, uye wozadzwa neMweya Mutsvene, unofuratira zvinhu zvenyika. Unoshaya hanya nezvinhu zvinokukanganisa. Unozvifuratira. Zvino unova chi—chisikwa chine kaitiro kasinganzwisisike, chidhadhana chakashata, kwavari, kany’ana kechapungu kakachochonywa mudendere rehuku; zvandakaparidza, *Uye Kana Chapungu Chozunguza Dendere Racho*. Uri chisikwa chinoratidzika sechinosesta, kwavari.

Asi, oo, ini zvangu, uchifamba kukwidza nemuMugwagwa mukuru waMambo! Amen. Oo, Mugwagwa mukuru unoenda Kudenga. Uye ndiri kufamba ndichikwidza neMugwagwa mukuru waMambo.

Voti, “Honai muumburuki mutsvene uyo, chidhadhana chakashata icho. Ndiye muparidzi uya muumburuki mutsvene.”

<sup>144</sup> Muparidzi weMethodisti ane mukurumbira ati kune mumwe murume nhasi, muLouisville, ati, “Ndinoda kubatsira Hama Billy, asi munoziva zvandichaita? Ndotongozviita ndakashinga.” Haufanire kuti uzviite nekushinga uchiitira ini.

Akapira hupenyu hwaKe nokuda kwangu. Amen!...?... Kungofamba uchikwira neMugwagwa mukuru waMambo, ndizvo zvoga. Oo, ini zvangu! Wakazadzwa neMweya waKe! Wakazvarwa neMweya waKe! Wakasukwa muRopa raKe! Hareruya! Uchifara!

<sup>145</sup> Uyezve chimwe chinhu, sei, chii chinoita kuti uite izvozvo? Iwe uchiri munhu, asi chii chinoita kuti uzviite? Imhaka yokuti wakabva, iwe, Mweya wako wakabva kumusoro. NdiMwari vari mauri.

<sup>146</sup> Pandakaenda kuRome, ndakacherechedza kuti ivo, mumwe nomumwe wavo, akanga aine mweya wemuRoma. Pandakaenda kuGreece, vose vaiva nemweya wemuGreece. Ndakaenda kuEngland; vese vaive nemweya wemuEngland. Paunoenda kudzinzimbo, unowana... Zvino unowana mweya wemuAmerica; wakashata chaizvo.

<sup>147</sup> Pandakaenda kumakuva emunzvimbo dzepasi kuSan Angelo kuRoma, vaive nechikwangwani kumusoro ikoko,

“Tapota, madzimai ekuAmerica, pfekai hembe, muremekedze vashakabvu.” Mweya wemuAmerica.

Vatarisei vachiburuka mundege, vakapfeka tuhembe tudiki itwotwo, uye munhu wese obva avatarisa, zvino hoyo Miss America ndokuuya. Ndiwo mweya wemuAmerica. Unogona kuziva mudzimai kwaanobva; akapfeka, vakomana, achidhonza kapopi kembwa kane mhino dzakazara madzihwa shure kwake. Ndizvozvo chaizvo. Oo, ehee, iye ndi . . . Iye, ndiye America, Miss America; achifamba achidzika, munoziva, achizvikakanyadza kudaro. Sei? Ane mweya wemuAmerica. Asi Jesu akati, Akapupura achipesana nazvo zuva riya, Akati, “Imi muri vepasi pano panyika. Ini ndinobva Kumusoro.”

Uye kana uine Mweya waKristu mauri, unobva Kumusoro, zvino uri mutorwa pano.

<sup>148</sup> Asi une hunhu hwenzvimbo yaunobva kwairi. Ndizvo zvandiri kuyedza kutaura. MuRoma akauya kuno, anokwenya musoro wake; nemuJerimani akauya kuno; wemuAmerica akaendawo ikoko. Sei? Mune mweya yenyika dzamunobva kwadziri.

Ndizvo zvinoita kuti tisiyane zvikuru nyenyika. Unobva Kumusoro. Wakazvarwa. Uri—uri mugari wehumwe Humambo. Munozvitenda here? Ndizvo zviru Mweya Mutsvene, unokuita mugari weHumambo hwaMwari.

<sup>149</sup> Zvino, kana uri mugari wemuHumambo hwaMwari, Unokuita kuti uzvibate sei? Sezvinoita Mwari muHumambo hwaVo. Zvino, Mwari vanoitei muHumambo hwaVo? Ihwo hutsvene, kururama, kuchena kwemufungo, kuchena kwepfungwa; Simba nerudo, kuenda kune vakarasika, kupodza vanorwara, kuita minana, kuita zvinhu zvikuru. Zvino, kunyika unotaridzika seunopenga, uye vanoti, “Machinda ayo akasangana musoro.” Maona? Asi uri mugari weHumambo.

<sup>150</sup> Rimwezve Gwaro, kana muchida kurinyora pasi, Johane 12:24. Regai ndiritaure kwamuri nekukurumidza chaiko. Jesu akati:

. . .kana *tsanga yegorosi* ikawira *muvhu* . . .kunze kwekunge yafa, haigoni kuunza humwe hupenyu.

Zvino, tarisai, chimwe chirevo chekuvharisa zvino. Uye rangarirai, zvino, zviru zvamazvirokwazvo . . .Zvino, kwamuri imi vanhu, zvakanosha zvirokwazvo uye zvine basa, uye zvinogombederwa nekufanirwa, kuti ugamuchire Mweya Mutsvene iye zvino. Nokuti, kana ukasadaro, haugoni kuuya murumuko. Zvino tarisai. Mwari havagani kutyora mirawo yaVo. Tinozviziva izvozvo. Vanotevera mirawo yaVo.

<sup>151</sup> Zvino, tsa—tsanga yegorosi, kana chibage, Tichatora, sezvakanaturwa naJesu ipapo. Chokwadi, tsa—tsanga, muBhaibheri, ndanga ndichizviverenga nhasi, zvinoreva

kuti runinga kana chero imwewo mhando yembeu, asi, gorosi, bhari, chibage, kana chero chimwe chinhu, itsanga. Asi kana tsanga yegorosi ikawira muvhu, zvino, pane . . . Tese tiri pano takazviona, tinoziva kuti izvi zvinoitika. Tsanga yegorosi, kana tsanga yechibage, inogona kutaridzika kuva yakanyatsokwana, uye woiisa muvhu, uye kana tsanga iyoyo . . .

Ine hupenyu hunoenderera mberi. Inoenda pasi nhasi, yozvibereka sedzinde; yodzokera pasi, yomera zvakare; yodzokera pasi. Hupenyu hunoenderera mberi.

Kana tsanga iyoyo isina chizenga chehupenyu mairi, zvisinei kuti inoratidzika zvakanaka sei, haimbofa yakamera. Ichaenda pasi uye yoora, uye ndizvozvo. Chikamu chayo, zvayakagadzirwa nazvo, zvinogona kushandiswa kuita fetereza nezvinhu muvhu. Asi kana zviriri zvekuzorarama zvakare, haife yakararama kunze kwekunge iine hupenyu hunoenderera mberi mairi. Chero ani zvake anozviziva izvozvo. Hautongogone.

<sup>152</sup> Panogona kuva nevanhu 2, mumwe wavo ari chaizvoizvo, vose vakafanana. Mumwe wavo anogona kuva munhu akanaka, anogona kuita mabasa akanaka, anogona kuita zvimwe zvakadaro; asi kunze kwekunge munhu iyeye aine Hupenyu Husingaperi maari, haambofa akamuka murumuko. Haakwanise kuzviita; hamuna chinhu imomo chekumutsa. Hapana chinomumutsa, hapana Hupenyu. Saka, munoona, hama yangu inodikanwa, hanzvadzi yangu inodikanwa, kunze kwokunge munhu aberekwa patsva, haangagoni kudzoka muHumambo uhwu. Haakwanisi. “Kunze kwekunge Tsanga iyi yegorosi yawira muvhu yafa.” Aitaura nezvake pachaKe. Asi Akanga aine, kwete hupenyu hunoenderera mberi, Aiva neHupenyu Husingaperi; uye Hupenyu hwaAkakupa, kuti uve nemhando yeHupenyu humwe chetehwo.

<sup>153</sup> Zvino, kana uchingova nehupenyu hwemunhu, hwakangokwana kukufambisa kwese-kwese pamwe nekuchiva, “Uyo anorarama mumafaro akafa achiri mupenyu,” haugone kumuka. Unogona kunge uri musikana ane mukurumbira pachikoro, unogona kunge uri musikana anonyanzovikanwa pamutambo wemakasa munharaunda yako, unogona kunge uri mukadzi anopfeka zvakanaka kudarika vose munyika, unogona kunge wakanaka kudarika vose, unogona kunge uine chimiro chakanaka kudarika vose, unogona kunge uchidiwa nemurume wako zvaka pfurikidza, unogona kuva zvinhu zvose izvi, zvinova izvo, zvakanaka kwazvo, asi, Hanzvadzi, kunze kwekunge uine Mweya Mutsvene mauri, huri Hupenyu Husingaperi, pamagumo enzira ino waparara.

Uye handina basa kuti unotaridzika sei kana kuti zvinhu izvi zvakanaka sei, kana kuti hauna mukurumbira kana kuti wakakurumbira sei, kuti wakanaka kana kunyangara zvakadii,

kana uine Hupenyu Husingaperi, *Imomo* uchararama narinhi narinhi.

<sup>154</sup> Kana mwedzi nenyeredzi zvaenda, nenyika yazvifashamidza kupinda mumakomo namagwenga, uye zvinhu zvose zvave, zvisina, zvisisipo, uye nyika ichidzedzereka semurume akadhakwa ari kuuya kumba husiku, uye nyeredzi dzoramba kupenya, dzichiwa kubva kudenga, nemwedzi woshanduka kuva ropa, uye zu—zuva ronyara uye rovanza chiso charo, pazvinoona Mwanakomana wemunhu achiuya, uchapenya mukururama kwaJesu Kristu, uchibuda kubva muguva semudzimai wechidiki, ane runako, kuti utore mudiva wako, uye morarama narinhi narinhi uye narinhi, uye pamazera ose aZiyendanakuenda uchange uchiri kurarama. Ndiro basa reMweya Mutsvene.

Kana uchinzwira kakudhonza kadikisa, usaUfuratira.

<sup>155</sup> Mweya Mutsvene chii? Mwari vari mauri. Basa raWo nderei? Kuti uenderere mberi nebasa raVo pakati pevanhu vaVo; kuunza Chechi yaVo pamwe chete, kuunza Chechi panzvimbo muzuva rino, inopfuura zvakananyanya Lutherani, Methodisti, nemaPentekosti, munzvimbo yekugadzwa nenyasha dzeKubvutwa. Kuti, kana chikamu ichi cheChechi, kana Mweya wapinda muChechi iyi, inongomuka; uye ichaunza, ichaunza vose vakadzikinurwa vakabata Mweya iwoyo.

MaLutherani aye akamirapo nechiedza chose chavaiva nacho, mukururamiswa; maMethodisti aye aiwira pasi, uye vovamwaya mvura kumeso kwavo, kubva kuMweya uchivabata kubudikidza nekucheneswa; maPentekosti aye, ekuti vaifamba vachikwira nekudzika nemugwagwa ndokuvadaidza kuti “vabvotomoki,” uye, oo, “vanongowawata,” uye “nemumutauro wemasekwe,” nezvose izvozvo; vachamira mukururama, pamberi paMwari neZuva iroro, semamiriro akaita Bhaibheri iri pano. Kana muchinditenda kuti ndiri muranda . . . Munondidana kuti muporofita waVo; ini handizvidane kudaro. Asi, teererai, ndiri kukuudzai muZita raShe. Avo vari muna Kristu Mwari vachavaunza pamwe naYe paKuuya kwaKe, parumuko, uye avo chete vari muna Kristu.

<sup>156</sup> Tinopinda sei muna Kristu, hama?

“Nechitendwa chimwe tose tinojoinhisirwa imomo”? Kwete.

“Nekukwaziswa ruoko kumwe tose tinodhonzerwa mukati”? Kwete.

“Nemvura imwe tose tinobhabhatidzirwa mukati”? Kwete.

Kana kuti, “Nesangano rimwe tose tinoiswa musangano”? Kwete.

Asi, “Ne . . .” VaKorinde Vokutanga 12:13, “NeMweya mumwe chete,” Mweya Mutsvene, Mweya waMwari, “tose tino . . .” Methodisti, Baptisti, Lutherani, Presbyteriani,



“Famba muChiedza, saiYe ari muChiedza, tinoyanana mumwe nomumwe, uye Ropa raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, rinotisuka kubva pakusarurama kwose.” “NoMweya mumwe tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete, uye takaitwa vagooverani venyasha dzaKe.”

<sup>157</sup> Haugone kuenda muKutongwa. “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda.” Hapana munhu anogona kutenda kusvikira awana Mweya Mutsvene. “Uye achitenda kuna iYe akaNdituma,” apo Mweya Mutsvene wakapupura nezverumouki rwaKe. “Ane Hupenyu Husingaperi, uye haazombouyi mukutongwa, asi abva murufu achipinda muHupenyu.” Chii? Haufe wakasvika paKutongwa. Haufe wakamira paChigaro Chichena kuti utongwe.

Unosangana nekutongwa kwako pano. Wapfuura mutongo wako kana wapfuura uye wati, “Ini handina kunaka, uye kudzidza kwangu hakuna kunaka. Ishe, huyai mandiri, munditore munditungamirire, Ishe. Handina basa nezvinotaura nyika ino inopenga. Nditungamirirei, Ishe, neMweya weNyu.” Watotonga ipapo. Zvione pachako sebenzi raKristu, uye, mukururama kwaKe, neZuva iroro tichamira tisingafe tiri mumufananidzo waKe.

<sup>158</sup> Nzira imwe chete bedzi. Sei? “NoMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe.” Uye kana uri muMutumbi iwoyo, kutongwa kwatotonga kare Mutumbi iwoyo, uye wakaMugamuchira semurevereri wechivi chako.

Unoti, “Ndakazviita, Hama Branham.”

Zvino, kana Mweya Mutsvene wadzoka wokupa chisimbiso sechiratidzo, Mweya iwoyo unokuunza muMutumbi waKristu. Unodzokera neimwe nzira, uye unova chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. “Wabva murufu uchipinda muHupenyu. Zvinhu zvekare zvaenda, uye wava mutsva muna Kristu!” Amenii!

<sup>159</sup> Oo, ndapota, rega ndikunyengetedze, hama yangu yeChikristu kana hanzvadzi. Usarega rumutsiro urwu rwuchikupfuura. Unofanirwa kugamuchira Mweya Mutsvene. Iwo chii? Mweya waMwari. Basa raWo raiva rei? Kukutungamirira, kukuratidza nzira, kukuzadza, kukuchenesa, kukudanira kunze, uchipinda muChechi.

Chechi chii, izwi rekuti *chechi* rinorevei? “Akadanirwa kunze, akapatsanurwa.” Oo, ndinogona sei kutora mharidzo kubva ipapo zvino! “Kudanwira kunze, kupatsanurwa,” vatorwa, kure nenyika, mufambi nemutorwa, tichipupura kuti pano hatina guta repanyika ratinoshuvira kugara mariri. Oo, ini zvangu!

<sup>160</sup> SaAbrahama, naIsaka, naJakobho, vakanga vari vatorwa, vachigara mumatende munyika. Ivo vachitaura kuti vaive vafambi nevatorwa, mbeu yemugari wenhaka, mugari wenhaka kumashure uko; baba, mugari wenhaka. Tiri mbeu yavo. “Uye

vaitsvaga Guta Iro Muvaki neMuiti waro aive Mwari.” Ameni. Vakanga vachitsvaga.

<sup>161</sup> Uye, nhasi, mbeu yavo ichiri kutsvaga Guta rinouya, vachiti, “Handidi kujairana nyenika ino. Handina chandinoda kuita nyenika ino. Ndinoda, ndiri kutsvaga Guta rakavakwa rine mativi mana akaenzana. Ndiri kutsvaga Guta rine Hupenyu Husingaperi, uko zuva kwarisingazonyure, uko kusiri kuzova nekuchembera, uko kusingazovi nejira remariro rakasungirirwa pamubato wegonhi, kana guva pajinga rechikomo. Ndiri kutsvaga Guta iroro, Rine Muvaki neMuiti waro, zvaMwari.”

<sup>162</sup> Pane nzira imwe chete yekuriwana. “Paiva neDombo rakatemwa kubva mugomo, pasina maoko, rakakungurukira panyika ndokuipwanya, uye ikaita segorosi...kana hundi paburiro.” Regai Dombo iroro, Kristu Jesu; Dombo iroro rechigumbuso kunyika, Dombo rekutsamwisa, Dombo rinosekwa, chigumbuso kuchechi; asi rinokosha uye Ibwe rinokwezva kumutendi, Dombo rechivimbo, Dombo rezororo. Oo, ini zvangu!

Kuzorora! Ndinoziva kuti ndabva murufu ndichienda muHupenyu. Mweya wangu wakazorora. Oo! “Huyai kwaNdiri imi mose makaneta makaremerwa, uye Ndichakupai zororo kumweya yenyu.” “Chi—chiratidzo chinozotaurwa zvakaipa nezvacho,” akadaro mu—muporofita kuna Maria. Chichava chiratidzo, chokwadi, chichava. Asi Chichava chivimbo. Chichava rudo. Chichava gutsikano. Chichava chimwe chinhu chaunoziva kuti wabva murufu uchipinda muHupenyu.

<sup>163</sup> Hama yangu, hanzvadzi yangu; sehama yenyu, semuranda wenyu muna Kristu, regai ndikunyengetedzei, nemoyo wangu wese. Usarega izvi zvichipfuura nepamusoro pako, kana kupfuura nepauri, kana nepasi pako. Zvigamuchire mumoyo mako, uye uchava munhu anofara panyika.

Handisi kukuvimbisa kuti uchawana madhora miriyoni. Kwete, changamire. Hama Leo, ndinofunga kuti pave nekuvimbiswa kwazvo kwakawandisa zvino, “mamiriyoni emadhora,” zvinhu zvakataurwa nevanhu vakasiyana. “Kana ukava Mukristu, unowana madhora miriyoni uye unozova mupfumi.” Handisi kukuvimbisa chinhu.

Ndiri kukuvimbisa ichi, chinhu chega chandinogona kukuvimbisa: ruponeso rwaKe. Nyasha dzaKe dzakaranganira muyedzo wese. Vanhu paPentekosti, vaisatomboda zvavaiva nazvo. Zvino wotaura nezve vanamuzvinamiriyoni? Vaisada zvavaiva nazvo, Hanzvadzi Angie.

<sup>164</sup> Ndinoda kukunzwai imi naGertie muchiimba, rimwe ramazuva ano (Ari papi?), *Svondo Rekuuya Kumusha*, rimwe ramazuva ano. Vazhinji vavo vakatoyambukira mhiri kwemuganhu kubva panguva iyoyo. Oo, ini zvangu!

Havana kukumbira zvinhu zvikuru. Havana kukumbira mari. Handiti, Petro akati, “Sirivheri nendarama handina, asi chandinacho, ndichachipa kwauri.”

Uye ndinozvitaura manheru ano, shamwari. Mufaro, rudo, chivimbo, chandinacho chaKristu nerumuko rwaKe, izvo zvandinazvo, ndinopa kwamuri; ndinokupai, sevana vaMwari.

Uye huyai muzogara pamuchinjikwa kana Mwari vakakudanai, uye musasimuke. Pamunouya mangwana manheru, munouya kuzopinda muno mogara kusvika zvapera, kana kuti mouya uye tichanamata toisa maoko pamusoro penyu. Endai... Ndiho hurongwa hweBhaibheri, kuvaisa maoko pamusoro kuti vawane Mweya Mutsvene. Uye zvakare tiri kuenda, munoenda kumba kwenyu... Kana mukagara ipapo, kana mukagara husiku hwese, mogara zuva rinotevera, mogara zuva rinotevera, mogara mumazuva ehoridhe, mogara kusvikira pakutanga kwegore, mogara muripo, garai kusvikira.

<sup>165</sup> Kuti, chingavei hacho chatinorayira nezvacho mangwana manheru, tichikuratidzai muBhaibheri zvinofanira kuuya, zvichauya. Uye paUnouya, zvino hapana madhimoni akakwana ari munzvimbo yekutambudzwa... Unoziva kuti wabva murufu uchipinda muHupenyu. Wave chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Mabhera emufaro eKudenga acharira.

<sup>166</sup> Hama Othal, ndiri kukuudzai, zvinongokutungidzai moto. Heunoi mukomana wekare agere pano, hama yangu yekare, aiva mharadzi achifamba akapakata pfuti parutivi rwake, vachitsvaga munhu ari pachikona, mumwe munhu wekuputisa hurupi hwavo. Zvino chii chakaitika? Rimwe zuva vakatarisa ndokutenda kuHupenyu. Ndokufambira mberi. Akatevera misangano yangu. Uye muchinda anonzwise urombo, asina chikafu chakakwana chekudya, uye akavata nekurara mumakwenzi parutivi rwetende, aine nzara nenyota. Zvino rimwe zuva Mweya Mutsvene wakauya. Oo, hama yangu, zvakakushandurai, handizvo here? Wakaunza Hupenyu, ndokubvisa rufu. Ruvengo rwakabva, uye rudo ndokupinda. Oo, ini zvangu! Ruvengo nokukakavara zvole zvakapera; Hupenyu hutsva hwakapinda.

Tarisai pano pane vamwe pamusoro pevamwe, vamwe pamusoro pevamwe, uye kunze uko. Oo, mabhera emufaro eKudenga achirira! Shamwari, hapana nzira yekuti ndizviratidze.

<sup>167</sup> Teererai, kuti ndingasiye izvi, kana makatenda huchapupu hwangu, semuranda waKristu, uye ndokuyedza kukuratidzai kubva muBhaibheri raMwari kuti ndizvo. Uye kana mashoko angu akaita sokusanzwisisika zvisihoma pamusoro peizvi, tarisai mufananidzo uyo uri munyika yesainzi. Tarisai muchero, uyo Shongwe yeMoto iyi yakatungamirira Vana veIsraeri, tarisai muchero waInobereka. Onai zvaInoita, zvaInotaura.

Handizini ndinotaura; ndiYe anotaura nemauri, munoona. Handisi ini ndinoona chiratidzo; ndiYe anotaura kubudikidza newe. Handisi ini ndinopodza vanorwara; ndiYe ari mauri, anopodza vanorwara. Handisi ini ndinoparidza; ndiri mbwende yekupedzesera, uye ndinotiza kungozvifunga, asi ndiYe anotaura nemandiri. Handizivi Shoko; asi iYe anoRiziva. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Ndizvo zvazviri.

Uye hoyoka uYo. Uye Mutumwa mumwe chete iyeye waMwari ari muno chaimo muchivakwa chino manheru ano. Oo, ndinoMuda kwazvo!

<sup>168</sup> Zvino vangani vanoda kugamuchira Mweya Mutsvene? Toita ongoro yehupenyu hwedu. Vangani vasati vaUgamuchira, uye vachida? Simudza ruoko rwako, uti, “Hama Branham, pakadzika pemoyo wangu, ndinoda kugamuchira Mweya Mutsvene.” Mwari vakuropafadzei, kwese-kwese.

<sup>169</sup> Vangani venyu vakaUgamuchira, uye vanoda kuita sezvavakaita pana Mabasa 4, uye voti, “O Ishe, O Ishe, tambanudzai ruoko rweNyu rwekupodza, nekuratidza zviratidzo nezvishamiso muZita reMwana weNyu mutsvene Jesu, uye mundipe hushingi hwose nerudo, kutaura, nekuzadzwa patsva”? Hongu, herino rwanguwo, zvakare. Mwari, Upeiwo kwandiri.

Ngatikotamisei misoro yedu, mukuperera kwakadzama, munhu wese wakabata chishuwo chako mumoyo mako.

<sup>170</sup> Ishe Jesu, tinovhara unyoro diki ino manheru ano, mushure mekuwadzana paShoko neMweya Mutsvene. Atiropafadza kwazvo ndokudurura mumwoyo yedu mafuta eShoko raKe! Pane vashumiri, pane varume pano vakabva mumafambiro akasiyana-siyana ehupenyu, vakaravira ndokuona kuti Ishe vakanaka. Tinoziva izvo zviru Mweya Mutsvene zvino, vimbiso yaMwari. Ihwo Hupenyu Husingaperi kune vazhinji vanotenda.

<sup>171</sup> Uye tinoziva kuti Mweya Mutsvene wakanga uri Mweya waJesu Kristu wakatumwa uchidzoka zvakare, uye Uri matiri nhasi. SaMwari vaive pamusoro pedu, muShongwe yeMoto iyoyo; zvino Vakafamba nesu, mune...mutumbi wainzi *Emanueri*, “Mwari vanesu”; uye zvino Vari matiri, kubudikidza neMweya Mutsvene, Mwari vari matiri. Oo!

Jesu akati, “Pazuva iroro muchaziva kuti iNi ndiri muna Baba, uye imi muri maNdiri, uye iNi ndiri mamuri. Muchazvinzwisisa nezuva iroro. Nokuti, muri munyika ine rima, tingati, zvino, asi nezuva iroro muchanzwisisa.”

<sup>172</sup> Baba, hazvaigona kujekeswa nekukwaniswa, nokuti pakadaro hataizova nechinhwa chatingaisira kutenda. Asi mabasa ose aMwari anoitwa nokutenda. Uye nokutenda muShoko reNyu, muhumbowo hweMweya Mutsvene watinoziva kuti uri pano zvino, ndinokumbira kuti mweya wose une nzara uri muno ugozadzwa neMweya Mutsvene. Avo vasinaWo, uye

vane nzara yaWo, chingorangarirai...Tingataura kwavari, Ishe, seizvi zvaMakataura, “Makaropafadzwa imi kana muine nzara nenyota. Muchagutswa.” Iyoyo ivimbiso. Uye iropafadzo kunge uine nzara. Wakaropafadzwa kutongoziva kuti Mwari vataura newe, nokuti Zvakanzi, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga.”

<sup>173</sup> Uye, Ishe, avo vanova mhare dzekare pano, vasimudza maoko avo. Ndasimudzawo rwangu. O Ishe, tipeiwo kukwanisa, tipeiwo Simba rekutambanudza ruoko rweMwana weNyu mutsvene Jesu, kuti zviratidzo nezvishamiso zviitwe, kuti ive shumiro yakawedzera kudzama, chinhu chikuru kupfuura chati chamboitika. Tipeiwo hushingi nerudo, kuti titaure kuvanhu. Zviitei, Ishe. Ivai nesu muzvinhu zvese, tinokumbira muZita raJesu.

<sup>174</sup> Uye mangwana manheru, Ishe, dai kwanyatsouya mhupo inovhuvhuta zvine simba, igowira muchivakwa chino, kuti rive rimwezve Zuva rakangofanana nerePentekosti. Nheyo yatoiswa kare. Zvinhu zvese zvagadzirirwa. Nzombe dzauraiwa, mhuru dzakakora dzauraiwa, makondohwe auraiwa; tafura yagadzirwa, vaenzi vatokokwa. O Ishe, tumirai jubheri rePentekosti, mangwana manheru, muchivakwa chino, muzadze mweya wose nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zviiteiwo, Baba. Tinozvikumbara, muZita raJesu. Amen.

Tichadzidza zvinhu zvakawanda,  
Tichava nerudimbwa rwakagadzirwa  
nendarama,  
Zvichida rwune 1,000 chetambo;  
Tichaimba nekudanidzira nekutamba hedu,  
Gwayana richaomesa misodzi yedu;  
Tichava nevhiki rimwe rakanaka kwazvo  
rekuuya kumusha,  
Makore 10,000 ekutanga. (Ameni!)  
Ropa rinokosha reMwanakomana waMwari  
pachaVo rakachenesa nekunatsa  
Vanhu vanoshamisa kuitira Zita raKe uye  
vanonzi Mwenga.  
Kunyange pano vakaraswa nekuzvidzwa,  
rimwe zuva Ishe vachaunza  
Avo vakasarudzwa mukati mesuwo, uye  
izvozvo zvakakodzera pane zvose. 🕊

59-1217 Mweya Mutsvene Wakapiirwei?  
Branham Tabhenakeri  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)